«АгроКавказ-2024»-м я зэфIэкIкIэ щагъэлъагъуэ

2-нэ нап.

КъалэныщIэхэр яубзыху

2-нэ нап.

Зэщъэгъусэхэм я насып

3-нэ нап.

Узынщагъэмрэ шынагъэнщагъэмрэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№13 (24.607) • 2024 гъэм мазаем (февралым) и 6, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

Къулхэ я щIэблэ зэчиифIэр

4-нэ нап.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм къызэритамкIэ

ЩIэныгъэ куурэ гъэсэныгъэ екIурэ

Ди республикэм гулъытэ щыхуащI сабийхэм щIэныгъэ куурэ гъэсэныгъэ екIурэ яхэлъу къэгъэсыным, абыхэм ябгъэдэлъ зэфIэкIхэм адэкIи зегъэузыжыным. Абы хуэгъэза Iуэхугъуэхэм ящыщщ сабий зэчиифIэхэм щадэлажьэ «Антарес» щIэныгъэ центрым къыщыгъэрагъэпэщ школ лагерыр. Ухуэныгъэхэр зэрекIуэкIыр иджыблагъэ къипщытащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

IэнатIэм и ухуэныгъэм ирахьэлIэну мылъкур УФ-м и Правительствэм нэгъабэ хухихащ, «Сабийхэмрэ щалэгъуалэмрэ еджэн, загъэпсэхун, я узыншагъэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ Iэмалхэр къахуэзгъэпэщын» федеральнэ проектым ипкъ иткIэ, «Егъаджэныгъэм зегъэужьын» къэрал программэр и тегъэщIапIэу. Ди гуапэ зэрыхъущи, Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхэхуащ а дэфтэрэр и лъабжьэу екIуэкIа зэпеуэм къыщыхагъэбелджылыкIэхэм, апхуэдэ унэтIыныгъэ зиIэ ухуэныгъэхэр зэрырагъэкIуэкIын мылъку зыхухахахэм. ЩIыналъэм къыхуаутIыпщауэ щытащ сом мелуан 57-м щIигъу, республикэ бюджетым къыхэкIа мелуани 3-ри щIыгъуу. КъБР-м и Iэтащхьэм ищIа унафэм ипкъ иткIэ Iуэхум аргуэру хухахауэ щытащ, щIыналъэ мылъкуми къыхэкIа сом мелуан 20, «Антарес» центрым архитектурэ и лъэныкъуэкIэ зегъэужьыным, псэупIэ унэхэр щыхуэхъуным хуэунэтIауэ.

Мы зэманым ирихьэлIэу «Антарес»-м щаухуакIэщ псынщIэу зэпкъралъхь пкъыгъуэхэр къагъэсэбэнурэ ящIа, щIыхуи 100 зыщIэхуэну псэупIэ унэу 2. ГекатеритIым нэблагъэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр и кIэм нагъэс. А проектыр зэрагъэзащIэм и фIыгъэкIэ сабий зэчиифIэхэм ядэлэжьэныкIэ щыIэ Iэмалхэм нэхъри зиубгъунущ. Мэлыжьыхь мазэм «Антарес»-м щрагъэкIуэкIыну я мурадщ ЭкологиемкIэ урысейпсо олимпиадэм и кIэух Iыхьэр. Ди республикэм къэкIуэнущ къэралым хыхьэ щыналъэхэм я лIыкIуэ ныбжьыщIэ куэд.

- Налышк и Долинск курорт щыпIэм зыщIэзыубгъуа «Антарес»-м щауха школ лагерым ныбжьыщIэхэр жьыдэру щыхэтынущ егъэджэныгъэ, къэхутэныгъэ проектхэм. Апхуэдэуи я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэнущ, зыщагъэпсэхунущ, - къыжиГъэщащ КIуэкIуэ Казбек. - Школакъуэхэр езыгъэфIэкIуэн апхуэдэ Iуэхущ1апIэхэр ухуэным иджыри гулъытэ хузэтщIынущ.

Бэрэжьей кIуам, щIышылэм и 31-м, УФ-м и Президент хъуну хуейуэ зыкъзыгъэлъэгъуа, ди къэралым и Унафэщ1 Путин Владимир Москва Хьэщ1ыщ уардзунэм щиI штабым щыхуэзащ дзыхь зригъэза и цIыхухэм. Абы кърагъэблагъат Путиным и тельхьэу хэхыныгъэхэм хэлэжьэну цIыху 500-м щIигъу.

ЗЭIУЩIэМ хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу Путин Владимир дзыхь зригъэза цIыху зыбжанэри. Ахэр Iуэхугъуэ 20-м теухуауэ екIуэкIа зэхуэсхэм хэтащ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, УФ-м и Президентым деж Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ щыIэ советым хэт Сэхъурокъуэ Хьэутий Путиным и хэхыныгъэ штабым лъэпкъ зэхущытыкIэхэм теухуауэ къэралым щыщыIэ щытыкIэхэмрэ дяпэкIэ гу зылъытэн хуейхэмрэ щызэпкърах и гупым хэту лэжьащ. Къулыкъущ1эхэр тепсэлъыхьащ Урысейм ис лъэпкъхэм я бзэхэр хъума хъуным, къыдэкIуэтей щIэблэр лъэпкъ хабзэхэм щIэпIыкIыным, сабийхэмрэ ныбжьыщ1эхэмрэ щIэныгъэ егъэзыгъэныр къызэгъэпэщыным, зэнгъуэщIхэми.

Сэхъурокъуэ Хьэутий къыщыпсальэм жиIащ ди къэралым щызэфIэува зэгурыIуэныгъэр махэ ящыну хуейуэ Къухьэпlэр зыхуекIуа Iэмалхэм я фейдэ зыхэлъ къыззрыпэмыкIуар, уебIаплъэ зыкъагъэсэбэпа Iуэху фIейхэм нэхъри дыззрызэкъуагъэувар.

«Дауэ хъуми, а зэхущытыкIэхэр нэхъри егъэфIэкIуэным сыт щыгъуи дытелэжьэн зэрыхуейр къыдгуроIуэ. Нобэ ди къалэн нэхъыщхьэр къэралым щытпсэу лъэпкъхэм драгъэкIуэкI лэжьыгъэр нэхъри егъэфIэкIуэнырщ, Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм щыIэ унафэщIхэм я лэжьыгъэр зэгъэзыIуэнырщ, зи гугъу тщIы Iуэхум елэжь къулыкъущ1апIэхэм зы фIэщыгъэщIэ зэрахьэу зэдэлэжьэнырщ.

Апхуэдэ дыдэуи гулъытэ зыхуэзыIыпхъэхэм ящыщщ урысыбзэмрэ адрей лъэпкъхэм я бзэмрэ хъумэныр, зегъэужьныр. «Бзэр щIыпэмэ, лъэпкъри щIыпэщ» псалъафэм и купщIэр пэжщ, ар зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Ди къэралым ис лъэпкъхэм я зэхущытыкIэр едгъэфIэкIуэныр къыщыдэхъуIэнур Президентым къиГъэува къалэнхэр дгъэзащIэмэщ. Жагъуэ зэрыхъущи, языныкъуэ щIыналъэхэм а Iуэхум епха гугъуехьэхэр къалъыкъуокI.

КъыдэкIуэтей щIэблэм щIэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ ябгъэдэлъхьэныр Iуэху нэхъыщхьэу къонэж, зэманым къытхуигъэув пIалъэхэмрэ дунейм зэрызихъужьыкъым елъытауэ. ЖьпIэнуракъэ, ар щыщыдгъэгъупщэ хъунуакъым. Ди къэралым ис лъэпкъхэм я зэхущытыкIэр едгъэфIэкIуэныр къыщыдэхъуIэнур Президентым къиГъэува къалэнхэр дгъэзащIэмэщ. Жагъуэ зэрыхъущи, языныкъуэ щIыналъэхэм а Iуэхум епха гугъуехьэхэр къалъыкъуокI.

КъыдэкIуэтей щIэблэм щIэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ ябгъэдэлъхьэныр Iуэху нэхъыщхьэу къонэж, зэманым къытхуигъэув пIалъэхэмрэ дунейм зэрызихъужьыкъымрэ елъытауэ. ЖьпIэнуракъэ, ар щыщыдгъэгъупщэ хъунуакъым. Ди къэралым ис лъэпкъхэм я зэхущытыкIэр едгъэфIэкIуэныр къыщыдэхъуIэнур Президентым къиГъэува къалэнхэр дгъэзащIэмэщ. Жагъуэ зэрыхъущи, языныкъуэ щIыналъэхэм а Iуэхум епха гугъуехьэхэр къалъыкъуокI.

КъыдэкIуэтей щIэблэм щIэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ ябгъэдэлъхьэныр Iуэху нэхъыщхьэу къонэж, зэманым къытхуигъэув пIалъэхэмрэ дунейм зэрызихъужьыкъымрэ елъытауэ. ЖьпIэнуракъэ, ар щыщыдгъэгъупщэ хъунуакъым. Ди къэралым ис лъэпкъхэм я зэхущытыкIэр едгъэфIэкIуэныр къыщыдэхъуIэнур Президентым къиГъэува къалэнхэр дгъэзащIэмэщ. Жагъуэ зэрыхъущи, языныкъуэ щIыналъэхэм а Iуэхум епха гугъуехьэхэр къалъыкъуокI.

Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмрэ жэрдэмхэмрэ къыхэщу

Ерыскъыхэкl къабзэхэр

Урысей Федерацэм къыщыщIагъэкI продукцэхэм я бIагъыр къэзыпщIытэ, иужькIэ абыхэм я нэхъыфIыр къыхэзыгъэщхьэхуI, абы елъытауэ къахь увыпIэхэри зыубзыху «Роскачество»-м иджыблагъэ haIуэ къыщIаш ерыскъыхэкI къабзэхэр нэхъыбэу къыщыщIагъэкI щIыналъэхэр. Апхуэдэ лэжьэкIэмкIэ зи щIэ Iуахэм 2023 гъэм яхьыхьащ Адыгейр, Иркутск областыр, Ямало-Ненецкэ автоном округыр, Мэзкуу къалэр.

Ерыскъы хабзэ къыщIэгъэкIыныжкIэ апэ увыпIэр Воронеж щIыналъэм иIыгъащ 2024 гъэм и пэщIдзэ махуэхэм ирихьэлIэу. ЩIыгъэпщэр Iэрыщ1эр, химие пкъыгъуэхэр, хущхуэ зэмылIэужьыгъуэхэр, цIыхум и узыншагъэм зэран хуэхъу нэгъуэщIхэри къамыгъэсебэну ерыскъыхэкIхэр къыззрыщIагъэкIам щыхьэт техъуэ сертификат яIэщ абы и Iуэхущ1апIэ 14-м.

ЕтIуанэ увыпIэр зэдагъэшащ Краснодар краймрэ Мэзкуу областымрэ. ЩIыналъитIым я Iуэхущ1апIэ 13-м апхуэдэ сертификатхэр яIэщ. Ещанэ увыпIэр яубыдащ Новосибирск, Ярославль, Калугэ областхэм – щхьэж къыльысу сертификати 8 иратащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым 8-нэ увыпIэр ядегъуш къэралым и нэгъуэщ щIыналъыблым - псоми сертификат щырыщ яIэщ.

Фигу къэдгъэкIыжьыщи, «Роскачество»-м и сертификат ди республикэм щыщу яIэщ «Премиум» ООО-м, «Эльбрус Спиритс»-м, Шэрэдж щIыналъэм щыIэ «Гъавэ бэв» Iуэхущ1апIэм.

«Органическэ продукцэм и Iуэхукlэ» Федеральнэ закон №280-ФЗ-ипкъ иткIэ продукцэ къабзэхэр къыщIэзыгъэкIыу зыкъзэщIыльытэж Iуэхущ1апIэхэм абы и щыхьэт сертификатхэр ямыIэу хъунукъым дяпэкIэ, УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм зыIуэ щыт и реестрым щатхауэ щытыпхъащ. Абы иужькIэ, я продукцэхэм дамыгъэ щхьэхуэ трагъэувэ – «Органика» псалъэр тету.

НАУРЫЗЫКЪУЭ Руслан.

Ди къуэш республикэхэм

Гъэщlэгъуэн ящыхъуащ

КъЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашид жиIащ «Урысей» зэхуэсышхуэм «Туризмэм и махуэм» хьихьу республикэм а IэнатIэм щIэ зэфIэкIхэр, и тхыдэр, щэнхабзэр зэрыщIгъэлъэгъуар.**

- Ди щIыналъэм теухуауэ гъэщIэгъуэн куэд къыщащIащ мыбы къекIуэлIахэм - зихуэдэ щымыIэ ди щIыуэпс, щэнхабзэ дахэм ахэр къыдихьэхащ, ди лъэпкъ къафэхэмрэ мэкъамэ узыIэпызышъхэмрэ я дэрэжьгъуэр къаIэтащ. НэхъыщхьэрэщIи, бгырысхэм хьэщIэхэм яхуэтщI пщIэмрэ нэмысымрэ зыхащIащ, - къыхигъэщащ КъШР-м и Iэтащхьэм.

Гуапэу ирагъэблагъащ къахуэкIуа псори, лъэпкъыбэ Къэрэшей-Шэрджэсым зэрыщекIуэкIым хуэдэу. ХьэщIэхэм драгъэкIуэкIащ хэдыкIым ехьэлIа мастер-классхэр, республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я къафэхэм зыщыхуагъэсэну Iэмал иратащ.

- Си фIэщ мэхъу а псом иужькIэ ди республикэм къакIуэжьи я бжыгъэм хэпщIыкIыу зэрыхэхъуэнур, - къыхигъэщащ Темрезов Рашид.

Ректорыр хахынущ

АДЫГЕЙ. **Мы гъэм хахынущ Адыгей къэрал университетым и ректорыр. АКъУ-м и ЩIэныгъэ советым а Iуэхум сыт и лъэныкъуэкIи зыхуигъэхьэзыращ.**

А къулыкъум щIэбэныжьхэр къагъэлъагъуэн мазаем и 2 - 8-хэм. Абы иужькIэ кандидатхэм ятеухуа тхыгъэхэр хуагъэхьынущ. Адыгейм и Краснодар краймрэ я еджапIэ нэхъыщхьэхэм я ректорхэм я советымрэ республикэм и Iэтащхьэмрэ.

Гъатхэпэм и 1-м ипэ къыхуэу кандидатурэхэм хэплъэнущ Урысейм ЩIэныгъэмкIэ и министерствэм и Аттестат комиссэр. АКъУ-м и ректорым папщIэ Iэ щалэтину махуэр къыхахынущ Аттестат комиссэм гъатхэпэм и 19-м иригъэкIуэкIыну зэIущIэм кърикIуэкэм тещIыхьауэ.

Мы зэманым университетым и унафэщIу Мамий Дауд. Ар 2019 гъэм и мэлыжьхьым екIуэкIа конференцым АКъУ-м и ректору щыхахащ икIи Урысей Федерацэм ЩIэныгъэмрэ Iэщ1агъэ нэхъыщхьэмкIэ и министерствэм 2019 гъэм зыщыщхьэIум и 28-м къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ ильэситху пIалъэкIэ пэжьэну ягъэувауэ щытащ.

Лэжьыгъэхэр и кIэм нагъэс

АБХЪАЗ. **Сыхъум аэропортым электрокъару зэрыкIуэ кIапсэхэр щаукъуэдиящ, трансформатор подстанц щагъэуващ. Абы и фIыгъэкIэ кхъухьлъатэхэрТIысыпIэхэр зэфIагъэувэжьынущ. Ар 2025 гъэм лажьэу нутIыпщыжьыну я мурадщ.**

Сыхъум аэропортыр егъэфIэкIуэным теуха зэгурыIуэныгъэм 2023 гъэм и мэкъуэгъуэгъэм Санкт-Петербург щекIуэкIа Дунейпсо экономикэ форумым Iэ щытрадзауэ щытащ.

Сыхъум кхъухьлъатэтIысыпIэхэр Сочэ и дежкIи щIэгъэкъуэныщхьэ гъунущ. Абы и фIыгъэкIэ курортым ейм и лэжьыгъэр нэхъ зэтекIынущ, абырэ республикэмрэ я гъунапкъэр зэпызыщIэ «Псэу» зэблокIыпIэм автомашинкэр щIызэтрихьэжьынукъым.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ЗэрыхузэфIэкIкIэ защIигъэкъуэнущ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Луганск ЦIыхубэ Республикэм и Лисичанск къалэм къыщыхъуа гуэвэгъуэм и зэран зэкIахэм яхуэгъуэваща.

«УКРАИНЭМ Iэщ1кIэ зэщIэуэхуа и къарухэм Лисичанск щыIэ граждан объектым зэреуам, мы зэманым наIуэ къызэрыхъуамкIэ, цIыху 28-рэ хэкIуэдащ. Удыныр техуащ къатитIу зэтет щIакхъуэгъажьэ унэм. Ар, псом хуэмыдэу тхьэмахуэ махуэм, къалэм цIыху куэд щыIэхуэс и щIыпIэхэм ящыщ зыщ икIи абы фIы дыдэу щыгъуаззэт теракт шынагъуэр зыгъэззащIахэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым зэхещIыкI Луганск ЦIыхубэ Республикэм и гуаузэр икIи гуэвэгъуэ хэхуахэм зэрыхуэзфIэкIкIэ ядэлэныкъуэну, защIигъэкъуэну хьэзырыр. ХэкIуэдахэм я благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ, къуэш республикэм щыпсэухэм псоми сахуогузавэ. Фэбжь хэзыхахэм я къарур пэлъэщIыну, псынщIэу я узыншагъэр зэфIэувэжьну», - итщ тхыгъэм.

Хамэ щIыналъэхэм хурагъашэм хохъуэ

2023 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым ерыскъыхэкIыу УФ-м и нэгъуэщI щIыналъэхэмрэ хамэ къэралхэмрэ яхуиутIыпщащ доллар мелуан 24,3-рэ и уасэ.

УРЫСEЙ Федерацэм и Къэрал таможеннэ къулыкъым зэкIэ къита бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъэмкIэ, илъэс блэкIам республикэм хамэ щIыналъэхэм яхуиригъэщIэр хуэдитIкIэ нэхъыбэщ, 2022 гъэм елъытауэ.

Абы нэмыщI, «Дунейпсо зэпыщIэныгъэхэмрэ экспортымрэ» лъэпкъ пэхуэщIэм хыхьэу лажьэ «Мэкъумэш продукцэр хамэ къэралхэм яхуегъэшэн» щIыналъэ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым хамэ щIыналъэхэм мэкъумэш продукцэу доллар мелуан 13,4-рэ и уасэ сату ядищIын хуейуэ 2023 гъэм тельа къалэнхэм щIригъэгъуащ.

Ди республикэм ирашу нэгъуэщI къэралхэм нэхъыбэу яIэрыхьэр гъавэ, ерыскъыхэ, IэфIыкIэ, кхъыеф, фадэ, псы, крахмал, Iусипхъэ, нэкуль, лыхэкI, фIэIуГъэ хуэдэхэрщ.

«Къыхэгъэщипхъащ республикэм и продукцэ лIэужьыгъуэхэмрэ ар зыхурагъэша къэралхэм я бжыгъэмрэ илъэс къэс къаззрыхэхуэ зэпытыр», - щыжиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм.

ХЬЭЩIКIЪУЕЙ Олег.

Щ1ыналъэ мылъкур тэмэму зэгъэзэхуа зэрыхъур, абы и фIыгъэкIэ, цIыхухэм я псэуIэр зэрефIакIуэр, республикэм и экономикэм зэрызиужьыр Iупщ1у къыхощ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий Правительствэм хэтхэмрэ къало, район администрацэхэм я унафэщIхэмрэ я зэIущIэм щыжиIам. Къапщтэмэ, псори зэлъытыжа республикэ бюджетыр 2023 гъэм и пэщIдзэм сом мелард 61,6-рэ хъуну хуагъэфэщагъэ, илъэсым и кIэм, ар сом мелард 62,6-м щIигъуащ. Абы щыщу сом мелард 17,4-р налогрэ налогым щымыщ хэхъуэмрэщ. 2022 гъэм а ахъшэр сом мелард 16,2-рэ хъуэ щытауэ араш, иджы проценти 8-кIэ хэхъуащ. Налогым къит хэхъуэр Iэнатlэ псоми нэхъыбэ щохъу, фадэм тегъэуа акцизым къитым къыщынэмыщIауэ.

Бюджет ахъшэу къагъэсэбэпын хуейуэ щытам и процент 99,8-р къагъэсэбэпащ. Илъэс блэкIахэми хуэдэу, ахъшэм и процент 70-р, социальнэ IэнатIэм хухэхауэ щытащ. Зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэм сом меларди 8, гъуэгу Iуэхум сом меларди 4,6-рэ трагъэкIуэдащ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым къызэрыхигъэщамкIэ, республикэм и мылъкум хэлъхьэныгъэ нэхъыбэ хуэзыщIар зэрыльытыщIэ Iуэху цIыкIымрэ ику итымрэщ. «Мы IэнатIэм къыщыдлэжьар и кIэм нэсу иджыри къэдгъбжьакъым, ауэ илъэс блэкIам и мазэ 11-м хьэрычэтыщIэ Iуэху цIыкIымрэ ику итымрэ я бжыгъэр процент 15-кIэ нэхъыбэ хуауэ. ХьэрычэтыщIэ Iуэху цIыкIымрэ ику итымрэ налогыу къатащ сом мелард 1,8-рэ, ар процент 108-рэ мэхъу 2022 гъэм ебгъапщэмэ», - жиIащ абы.

Я щхьэ Iуэху зезыхуэжьэм я Iэщ1агъэмкIэ яIэ хэхъуэм техуэ нагъуэ зытхэр 70190-рэ мэхъу, дяпэкIи, а Iуэхум мэхъэ зиужьынущ.

- Иджы илъэс етхуанэ хьуауэ дэ иужь дитщ Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкIа Нахъыгъэ унафэхэр гъэззащIэным. Ар нэхъыбэу зэхьэлIар лъэпкъ проектхэрщ. Аxэр хуабжьу дызыхэныкъуэу къыщIэкIащ мы зэманым. Абыхэм я фIыгъэкIэ къэралым гулъытэ хэха зыхуищIын хуейри, апэ иригъэщIапхъэри haIуэ кхъуэу, щытыкIэр зэпIэзэрыт ящI, экономикэм зрагъэужь, жылагъэр щытыкIэщIэм хуагъэхьэзыр, - жиIащ Мусуковым. - 2023 гъэм ди хэгъэгум щIыналъэ проекту 45-рэ щагъэззащIащ. Абыхэм ящыщу проект 29-м ахъшэ хэхэтхащ. Федеральнэ, республикэ бюджетым къыхэкIыу лапхъэ проектхэр гъэзэщIэным тедгъэкIуэдар мы гъэм процент 16,2-кIэ хэхъуащ, ар сом мелард 1,8-рэ мэхъу. Псори зэхэту сом мелард 12, 3-рэ тедгъэкIуэдащ, абы щыщу федеральнэ мылъкум - сом меларди 9,9-рэ, республикэ бюджетым сом меларди 2,3-рэ къыхэкIащ. Зи гугъу щIа ахъшэхэм я процент 99-р къагъэсэбэпащ илъэсым и кIуэцIым, - игъэбелджылащ Мусуков Алий.

Илъэс кIуам лъэпкъ проектхэр гъэззащIэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм щынэхъ жьджэр хэгъэгуипщIым хэту къекIуэкIащ.

2024 гъэм лъэпкъ проектхэр гъэззащIэным сом меларди 10 трагъэкIуэдэнущ. Нэхъапэ ирагъэщIыр псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэгъэпсахэрщ, транспорт, инженер хуэIуэхущIэхэм зегъэужьыным тегъэпсыхьахэрщ. Нэгъабэ хуэдэу, мы илъэсми щэнхабзэмкIэ унэхэр, спорт уху1ныгъэхэр, псыхъуматIапIэхэр яуху1ныщ, жылагъуэ зэхуэсыпIэхэр зыхуей хуагъэззынущ. Апхуэдэуи цIыхухэм социальнэ и IэныкъуэкIэ зыщIагъэкъуэнущ, ныбжь зиIэхэмрэ бынунагъэщIхуэхэмрэ гулъытэ хэха ягъуэтынущ.

2024 гъэм ахъшэ хуаутIыпщынущ гъуэгухэр зыхуей хуэгъэзэжьними. Мы гъэм абы хухахынущ сом меларди 4,2-рэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, щIыналъэ, щIыпIэ гъуэгуу километр 100 зэрагъэпэщIыжьынурэ, уэздыгъэхэри фIадзэжьынущ. Жылагъуэ зэхуэсыпIэу 50, пщIантIэу 80 къагъэщIэрэщIэну я мурадщ.

Урысейпсо зэпеуэм щытекIуа проектитI ягъэззащIэнущ мы гъэм - Май, Шэрджэм къалэхэм я тельхьэр ирагъэфIэкIуэнущ. Шэнхабзэ унэу щы зэрагъэпэщыжынущ, Налышк къала, Iуащхьэмахуэ районым, Май къалэм щыIэ музейхэм техникэ хуахъащ1ахунущ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и спорт хуэныгъэхэр куэдкIэ нэхъыфI хъунущ. Ахъшэ зыхуаутIыпщынухэм ящыщщ мэкъумэш, турист, хьэрычэт, сату Iэнатlэхэри, шэч хэмылъу, щIалэгъуалэ, щIыуэпс Iуэхухэми гулъытэ яГъэутынущ.

«КъыхэзгъэщIыну сыхуейщ 2024 гъэр республикэм, къэралым и дежкIэ мыхьэнэщхуэ зиIэ илъэсу зэрыщытынур. Хуабжьу зэхуэсыкIыныгъэ куэд къэхъунущ илъэсым и кIэм, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, лъэпкъ проектхэр зытегъэпсыхьауэ щытар 2024 гъэ щIондэщ. Абы къыхэкIыу, нэхъ жыджэру, жьыжьапIэу, длэжьым къыпэкIуэр нэрылъагъуу щытын хуейщ мы гъэм», - дыщIигъужащ и псальэм Правительствэм и Унафэщ1ым.

КЪЭБАРТ Мирэ.

Сом меларди 10 трагъэкIуэдэнущ

• Мылъку

Гъавэ бэв къехьэлIэным и лъабжьэр

Мэзкую къалэм и ВДНХ-м щыззхаша лъэпкъыбэ гъэльэгъуэныгъэм хыхьэу агромомхэм я урысейпсо зэIущIэ иджыблагъэ екIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэм щыналъэхэр зэрыхуэхьэзырым. ЗэIущIэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Сыжажэ Хьэсэн.

УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Патрушев Дмитрий зэхуэсым зэпкърыхауэ щытепсэльыхьащ и унафэм щIэт Iэнатlэм 2023 гъэм щахуэзфIэкIамрэ дызытехьэ илъэсым къапэщылъ лэжьыгъэхэмрэ, абыхэм щыщу япэ игъэщыпхъэхэм.

Министрым къыззрихигъэщамкIэ, Урысейм и тхьдэм щыкIуанэу нэгъабэ гъавэ бэв кърахьэлIэжащ. ЗэкIэ къызэрабжамкIэ, къэралым къыхьыхьа щыналъэщIэхэр яхэту, тонн мелуани 147-рэ я гъэнхэм ирагъэкIуащ. 2023 гъэм соемкIэ, сэхураныжкIэ, пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ мэракIуэ лIэужжьыгъэхэмкIэ екъулIэныгъэфI дыдэхэр къагъэлъэгъуащ. Нэгъабэ кIэртIофу къайхъулIам хуэдиз иужьрей илъэс 30-м ялъэгъуауэ ящIэжыркъым.

Иджыпсту мэкъумэшщIэхэм гъатхэсэр къапэщылъщ. Ар зэрыграгъажьэ щыкIэр лъабжьэ хуэхъунущ ерыскъыкIэ къэралым и щыналъэнущагъэр къыззгъэпэщыным.

Дунейм и щытыкIэм Iэмал къаритмэ, Урысей Ипщэмрэ Кавказ Ищхьэрэмрэ я мэкъумэшыщIэхэр губгъуэхэм япэу ихьэнущ. Министрым зэрыжиIамкIэ, 2024 гъэм гектар мин 300 дыщIагъунущ гъавэр зытраощIэну щым. Псори зэхэту къэкIыгъэхэм щелэжьнущ гектар мелуан 84,5-м, абы щыщу гектар мелуан 20-р бжьыхьэсэм хухахащ. Нэгъабэ дыгъэгъазэм иракъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, бжьыхьэсэм и процент 96-р щым тэмэму хиубыдащ, хъарзынэуи зауж.

Гъатхэсэм хуагъэхьэзыр гектар мелуан 56-м нэблагъэ, адрей къэнам хащIэнущ Iэщым ирагъэшхын Iусыпхъэхэр къызыхащIыкIыну къэкIыгъэ щцуантIэхэр.

Илъэсыщ1эм губгъуэ лэжьыгъэхэм зэрыпежьэну яIэ Iэмалхэм щытепсэлъыхьым министрым къыхигъэщащ жьлапхъэхэмкIэ я Iуэху зэрымыIейр - гъавэу хасэнумкIэ процент 93-кIэ, соемкIэ - проценти 105-кIэ, рапсымкIэ процент 70-кIэ мэкъумэшыщIэхэр къызэгъэпэщащ. Мы зэманым ирихьэлIэу ахэр бжьыгъэ хъарзынэу къалъытэ. Ауэ, дауэ хъуми, щыналъэхэм езыхэм я нэIэ щIагъэтын хуейщ абыхэмкIэ я Iуэхур зыIутым, гъатхэсэм зэрыхуэхьэзыр щыкIэхэм, жиIащ Патрушевым. Мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъэхэм ящыщу министрым къыхигъэщащ, нэгъэущ щыпIэхэм къаршым щымыгугъыу, къэралым къыщагъэхъуа жьлапхъэхэр хасэу Iуэхур зэтеубгъэжьыныр. Абы ехьэлIауэ УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ жьлапхъэхэр гъэкIыным пыщIа Iэхъущ1апIэхэмрэ зэрощIэ икIи иужьрейхэм я лэжьыгъэр тэмэму екIуэкIын папщIэ зыхуэныкIуэ къэрал дэIэпыкъуныгъэр зыхуэдизэри яубзыху.

ЩIыгъэпщэрхэм я гугъу тщIыпмэ, къащIохум и куэдгъым хагъахъуэ зэпытщ, абы и фIыгъэкIи щIым нэхъыбэ халъхьэ. Иужьрей илъэсихум къриубыдэу гектар къэс щIыгъэпщэру халъхьэр килограмм 20-кIэ нэхъыбэ хъуащ. 2023 гъэм щIыгъэпшэру къащэхуащ тонн мелуани 5,3-рэ икIи щIым иратым килограмми 5-кIэ хэхъуащ - гектарым хуэзэу килограмм 65-м зэрынэхьэсащ.

2024 гъэм а бжьыгъэхэр килограмм 68-м нагъэсын мурад яIэщ, 2025 гъэм и кIэхэм килограмм 70 нэхърэ мынэхъ мащIэкIэ гектар къэс ягъэпшэрынущ. 2021 гъэм щегъэжьауэ къэралым и нэIэ тригъэтщ мэкъумэшыщIэхэм я дежкIэ щIыгъэпщэрхэр нэхъ лъапIэ мыхъуным, я фIагъми зэрыкIэрымыхуным.

Мыдрейуэ мыхьэнэ ин ират иджырей мардэм къитIасэу АПК-м зегъэужьыным. Иджыпсту щыIэ гугъуехьэхэм щхьэкIи къэмынэу, техникэу къащэхум я бжьыгъэм кIэрагъэхуркъым, къэрал дэIэпыкъуныгъэхэри абы хэтыжу. Псалъэм папщIэ, худэчых зыхэлъ лизинг Iэмалым и фIыгъэкIэ нэгъабэ къащэхуащ техникэу мин 15-м щIигъу.

УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ УФ-м ПромышленностымкIэ, энергетикэмрэ сатумкIэ и министерствэмрэ зэгъусэу игъэзэщIащ урысей, белорус тракторхэр къэщэхунымкIэ ябзыхуа Iуэхугъуэр. Абы и фIыгъэкIэ техникэхэм я гасэхэм процент 20-кIэ хуКIэрагъэхуащ. 2024 гъэм министерствитIым апхуэдэ Iуэхугъуэхэм адэкIи пащэнущ икIи тракторхэм нэмыщI, комбайнхэр, нэгъэущ мэкъумэш техникэхэр къэщэхуным хуэунэтIа зэгурыIуэныгъэхэр ахэр къыщIэзыгъэкIэхэм, зыщэхэм иращIылIэнущ.

Патрушев Дмитрий и псалъэм и кIэухыу и гугъу ищIащ мэкъумэшыщIэхэм ират къэрал дэIэпыкъуныгъэхэм ягъуэта зэхъуэкIыныгъэхэм. «ТрагъэкIуэдар зэрыхуапIыныкъ», «лизингым зэрытрагъэгушхуэ» жыхуаIэу иджыри къэс ята субсидиехэм я пIэкIэ мы гъэм лажьэу щIидзэнущ «зэгуагъэхьа» субсидием. Ящэм щыIа псори абы къызэрагъэгъубыдауэ аращ. Апхуэдэуи хуэдэчых зыхэлъу ят кредит ахъщэм сом мелард 20 къыдыщIагъуным ехьэлIауэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкI. Апхуэдэуи гъавэрзэкIхэм зэрызыщIагъакъуэми хагъэхъуэнущ - Правительствэм кьищта унафэ хэхам къыщыгъэлъэгъуахэр гъэззэщIэным хухаха сом мелард 60-м 2024 гъэм иджыри меларди 10 щIагъунущ.

Шэч хэмылъу, а псори мэкъумэшыщIэхэр Iуэхум тезыгъэгушхуэщ икIи лэжьыгъэм нэхъри егупчыным, апхуэдэу щыщIыткIэ, гъавэ бэв къехьэлIэнми я лъабжьэщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● ЗэIущIэхэр

● Фэеплъ

Хэмыгъуэщэжын лъэужьыIыхуэ

ЕтIуанэ дунейпсо зауэр ЩIы хъурейм щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэм зихуэдэ щымыIа къэхъугъэшхуэу къыхэнащ. Лъыгъажэм и щхьэл мывэм ихьжа цIыхум и фэм дэкIар къыпхуэмыIуэтэну инщ: мелуан бжьыгъэхэм я щхьэхэр халъхьащ, лъэпкъ экономикэ куэдыр зэтрикъутащ. Ауэ хуитныныгъэр зи плъапIэ, мамыр гъашIэр зи хъуэпсапIэ щыхубгъэр залымыгъэм икIуэт жьыхуаIэр ямыщIэу пэщIэтащ, къращIыIа бэлыхьлэжьаем къызэрыхэкIын къаруи къызыкъуахащ. ЦIыхуфэр зэрыIувым и щыхьэтщ къэралышхуэм и етIуанэ щыхьэрыу къалъытэ Ленинград дэсхэр нэмыщI зэрыпхъуакIуэхэм зэрапэщIэта щыкIэр.

ЖЭЩ-махуэ 871-кIэ къалэдэсхэм къаГъэлъэгъуа хахуагъэр тхыдэм къыхэна къудейкъым, атIэ а лIыгъэр лIэужьхэм я дежкIэ щысэтехыпIэ хъуащ. «ЩIэныгъэ» урысейпсо зэгухьэныгъэм къэралым хьихэ щыналъэхэм махуэ зыбжанэкIэ щригъэкIуэкIа фэеплъ Iуэхугъуэхэр зытеуохуари арат - Хэку зауэшхуэм и напэкIуэцIхэм хэлъ дерсыр утыку къихьэнырт, нэхъыжьхэм я фэеплъым и пщIэр къэлэтынырт.

Ленинград бийм къызэрыщIэхьыкрэ илъэс 80 щрикъум ирихьэлIэу зэгухьэныгъэм Iуэхугъуэ 500-м щIигъу къызэрыгъэпэщащ Ахэр я гъэпсыкIэрэ егъэкIуэкIыкIэ зэтемыуэрми, зытеуухакIэ зы мурадым хуэгъэпсат - псэкупсэ зэхэщIыкIыр къэлэтыным тещIыхьат. Къэралым и щыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щекIуэкIащ кино гъэпсыгъуэныгъэхэр, къыщыззрагъэпэщащ тхыдэ едэжныгъэхэр, щыззхашащ джэгу зэпеуэхэмрэ бэрэIущхэмрэ, щыззэхэтащ зэIущIэхэмрэ щIэнIуатэхэмрэ. ЖэрдэмщIакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, псори зэгъусэу я Iуэхугъуэхэм хэтащ щыхуэ мин 20-м нэблагъэ.

Апхуэдэу Ленинград щыналъэм и правительствэм и унафэщIым и къуэдзэ Цой Владимир Санкт-Петербург къалэм дэт «Смольный» гъэлъэгъуалIэм къыхалъхьа Iуэхум теуха пэхущIэхэр къыщыззIуихащ. «ЩIэныгъэм и гъусэу - зыплъыхьакIуэ» зыфIаща IуэхугъуэмкIэ абы ныбжьыщIэхэр пэIудзауэ къалэм тхыдэ мыхьэнэ щызиIэ щыпIэхэм защригъэплъыхьащ, гуимыхуж хъуа теплъэгъуэ щхьэхуэхэм я щапхъэхэмкIэ Ленинград хуит къызэращIыжам и мыхьэнэр къызэпкърихащ.

«Гъунапкъэхэмрэ щыхуэхэмрэ. Ленинград щIыналъэм 1944 гъэм» - ащ зэреджэр «Музей къулыкъущIапIэм» къызэригъэпэща гъэлъэгъуэныгъэшхуэм. Ар тепсэлъыхьырт къалэр бийм къыщыIэщIахьыжа 1944 гъэм къэхуа тхыдэ, жылагъуэ, политикэ Iуэхугъуэхэм. Абы щыгъуэщ щIыналъэм и зыужьныгъэм зэуэ зыщIэтар, нобэ игъуэта гъунапкъэхэм нэсу зыщиубгъуар. Абы щыгъуэщ нэмыц1э зэрыпхъуакIуэхэм зэхахъунщ1а хэгъэгухэм къиIэпхъукIыурэ цIыхунш1э хъуным нэса щIыналъэр щIэрыщIэу къыщыщIагъэрыуэжар.

Куэдым гъэщIагъэн дыдэ къащIыхьуащ «ЩIэжым и травмай» зыфIаща урысейпсо псэкупсэ-узэщIакIуэ Iуэхугъуэр. А жэрдэмым ипкъ иткIэ Нева псыежэхэм и Iуфэхэм къыщегъэжьауэ хы ФIыцIэм щыщIэкIыжу лекцэхэр щекIуэкIащ. Ар гуимыхуж ищIырт Ленинград къалэр бийм щыIэщIэпIа илъэсхэм къалэм и щыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэзыпхыу щыта ЛМ-33 трамвайхэм ящыщ зыр зэрауТыпщам. Трамвай кIуэцIым тхыдэджжэр зауэм теуха лекцэхэм къыщеджащ, къалэм и феплъ щыпIэхэр ягъэлъэгъащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрри хэтащ «ЩIэныгъэм» къызэригъэпэща Iуэхугъуэхэм. Уэрсейпсо зэгухьэныгъэм и щыналъэм щIиэ къудамэм и унафэщI, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Дыкьынэ Андзор зэрыжиIамкIэ, КъБКЪУ-м щеджэ студентхэм папщIэ тест лэжьыгъэхэр къызэрагъэпэщащ. Абы хэта щIалэгъуалэм Iэмал яIащ тхыдэм ехьэлIауэ яIэ щIэныгъэр зыхуэдизыр къапщытэжыну, а Iуэхум хэткIэрэ япэ ита нэхъыжьхэм я лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ я нэгу къыщIэдгъэувэну, блэкIам и щыуагъэ шынагъуэхэм кьытебгъэззэж зэрымыхъунум екъэлIа гупсысэкъэр зэрагъэубыдыну.

Тест лэжьыгъэм ущIэ 30 къызэщIабыдэрт. Ахэр теухуат Ленинград бийр къызэрекIуэлIам, илъэсиплIкIэ зэрилъгъам, ПлъыжьыдзэМ ар хуит къызэрищIыжам. НыбжьыщIэхэм ягу къагъэкIыжьын хуейт Ленинград къалэр къызэратIысыхьа щIыкIэр, ар бийм зэрилъга махуэ бжьыгъэр, щIыхуэкм ират щIэхъуэ бзыгъэм и хьалъатIыр, «ГъащIэ гъуэгур» зрикIуэу щыта гуэлым и цIэр, нэгъэущIхэри.

«Хэку зауэшхуэм хэмыгъэущэжын лъэужьыIыхуэ къиГъэнащ. Абы и тхыдэр блэкIам къыхэна напэкIуэцI къудейкъым, ар ди нобэм къэуа упщIэ куэдым я жэуап къэзыт хъугъэщIагъэщ. Аращ ар дерс хэхьапIэ зыщIыр. Тхыдэм и напэкIуэцIхэм нэхъыфIыIуэу щыгъуаз зыхуэпщIыху, пщэдейрей махуэхэм нэхъыбэрэ урегъэгупсыс, уи ужькIэ дунейм къытехьэнухэм щхьэкIэ жэуап зэрыпхьыр зыхэпщIэу уещI. Ди нэхъыжьхэм я лIыгъэр щысэтехыпIэ, лIыхъужьыгъэм и дамыгъэ нэс хэхуитэщащ тест лэжьыгъэм хэтыну щIалэгъуалэм Дыкьынэ Андзор.

ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.

«АгроКавказ-2024»-м я зэфIэкIхэр щагъэлъагъуэ

ЩIышылэм и 31-м къыщыщIэдзауэ мазаем и 2 пщIондэ Минводы къалэм щекIуэкIащ «АгроКавказ-2024» Ещанэ дунейпсо мэкъумэш гъэльэгъуэныгъэр. Абы утыку къыщрахьащ иджырей технологиеу минипщIым щIигъу, мэкъумэш техникэхэмрэ оборудованэхэмрэ, жылапхъэхэр, щIыгъэпшэрхэр, псы зэрыщIагъэльадэ техникэ зэхуэмыдэхэр, Iэщ гъэхъуным, хадэхэкI, жыг гъэкIыным ехьэлIауэ къагупсыса иджырей Iэмалыщ1эхэр, нэгъэущ1 куэди.

АПХУЭДЭ зэхуэсыщхуэм - нэгъэущIхэм я зэфIэкIымрэ уэ ущдынсамрэ зэпэплъыну Iэмал къозытым, - гулъытэ хуамыщIу, абы и Iэкъыгъэм хэмыту къагъэнакъым Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэми: фермерхэм, еджагъэшхуэхэмрэ щIэныгъэлIэхэмрэ, мэкъумэш IуэхугъуэлIэхэм я унафэщIхэмрэ Iэщ1агъэлIэхэмрэ.

Псалъэ къыдэкIуэу, абы щыIащ республикэм имызакъуэу, къэралым и щыналъэ куэдым къыщацIыхуу «Бахъсэн и жыг хадэр», «Iуащхьэмахуэ и жыг хадэр», «Велес-Агро»-р, «Отбор» ИПА-р, «Албир»-р, «Стандарт-Агро»-р.

Республикэм и фермерхэм я пашэу гъэлъэгъуэныгъэм хэтащ КъБР-м и АККОР-м и тхьэмадэ Алэкъей Инал, фермер хозяйствэхэм я унафэщIхэу КIуэкIуэ Нурхьэлий, Хьэлупщы Арсен, Османов ТIэхьир, Маммеев Исуп, Нэхущ Руслан сымэ, нэгъэущIхэри. «Россельхозцентр»-м и къудамэу КъБР-м щыIэм и лIыкIуэу абы щыIащ КIуэкIуэ Жаннэ.

«МинводыЭкспо» гъэлъэгъуэныгъэ комплексым и утыкур игъэдахэу, абы кърихьэлIахэр и лэжьыгъэмкIэ къыдихьэху Iуэхум хэтащ «Базис» ООО-р - пхъэщхьэмыщхьэ жыгыщIэхэр гъэкIынымкIэ, хамэ щIыпIэхэм ахэр яхуегъэшэнымкIэ, шпалер пкъо щIыкIуэхэр, мыIэрысэр зралъхьэ-зэрахьумэ контейнерхэр къыщIэгъэкIынымкIэ къэралым бжьыпэр щцэзыIыгъэм ящыщыр. Абы и стендыр щIыху кIуэпIэу щытащ гъэлъэгъуэныгъэр екIуэкIыху.

«Базис» мэкъумэш фермэм и Iэщ1агъэлI Мыщхьэжь Къантемыр къызэрыджиIамкIэ, гъэлъэгъуэныгъэм хуэхаха махуищым къыриубыдэу, абыхэм я деж къекIуэлIащ щIыху 300-м щIигъу, лэжьыгъэзэпщIэныгъэхэм теухуауэ кьепсэлъэн мурадкIэ.

КIуэкIуэ В. М. и щIэр зэрихьэу Налшык къалэм дэт КъБКЪМУ-м и профессор, мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор Хьаний Иринэ щыIащ гъэлъэгъуэныгъэм, и гъэсэнитI щIыгъуу: агромомхэр щагъэзыхьэзыр факультетым и студент КIуэкIуэ Темыр1анрэ аспирант Соблир Ахьмэдрэ. Ахэр нэхъыбэу дзэзыхьэхэр къэкIыгъэхэм ехьэлIауэ ди республикэм кьыщыбгъэсэбэп хъуну урысей Iуэхущ1апIэхэм кьыщыщIагъэкI биотехнологиехэмрэ препаратэ зэмылIэужьыгъэхэмрэщ.

«Сэ сыхэкупсэщ икIи сритепльэщ ди къэралым кьыщыщIагъэкIа биологие, микробиологие препаратхэм. Илъэсипщым щIигъуауэ дыдолажьэ Мэзкую къалэм дэт «Родемос» щIэныгъэ-производственнэ центрым. Абы и лIыкIуэхэми мыбы дащыщыщIащ икIи, хабзэ зэрыхьауэу, дызэхъуэжащ иджырей ди щIэныгъэхьэзырыгъэхэмкIэ, адэкIэ дызэрызэдэлэжьаныу щIыкIэхэри дубзыхущ. Сэ кьыхолъытэ ди къэралым кьыщыщIагъэкIхэмрэ ди щIэныгъэлIхэм я лэжьыгъэхэмрэ я пIэ игъэщIыпхъэу», - жиIащ Хьаний Иринэ.

«Велес-Агро» ООО-м и унафэщI Бэшорэ Алим выставкэм щцилъэгъуауэ хуабжьу гъэщIэгъуэн щыхъуащ, игуи ирихьащ. Мыбы зэуэ щызэзрихьэлIащ ди къэралым имызакъуэу Китайм, Тыркум, Италием, Нидерландэм, Белоруссием, нэгъэущIхэми пхъэщхьэмыщхьэхэм, къэкIыгъэхэм, щыгъэпщэрхэм зэрыщIэлэжь иджырей техникэщIэхэр.

Гъэлъэгъуэныгъэ екIуэкIам Бэшорэм фIыуэ хилъэгъуаxэм ящыщщ, ар гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэм щIамыдзэ щыкIэ зэрызэхашар, сыту жыпIэмэ, узыхуеину сыт хуэдэ техникэри кьыщыпщэху хъунущ, жьыжь умыкIуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэм «АгроКавказ-2024»-м щагъэлъагъуащ нартыху, гуэдз жьлапхъэфIэр, 2023 гъэм кърахьэлIажа мыIэрысэхэр, Iусыпхъэ нартыху, гуэдз, хьэ, сое жьлэхэр, мэлылым, былымылым, джэдкъазылым кьыхэщIыкIа ерыскъыкIуэхэр, жыгыщIэхэр, инвест-пэхуэщIэхэр, нэгъэущIхэри.

БАТОКЪУЭ Албэч.

ЩIалэгъуалэ правительствэм

Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI, полицэм и полковник Василев Сергей лэжьыгъэ Iуэхукlэ яхуэзащ республикэм и ЩIалэгъуалэ правительствэм хэтхэм.

ЗЭIУЩIЭМ кърихьэлIащ щIыналъэм и ЩIалэгъуалэ правительствэм и унафэщI Бейтуганов Исмэхьилрэ курортхэмрэ туризмэмкIэ министр Хьэмыкъуэ Сэлимрэ. Лъэныкъуэхэр тепсэлъыхьащ къытщIэхъуэ щIэблэр хэкуэпсэу гъэсэныным ехьэлIауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм.

- НобэкIэ нэхъыщхьэу гу зылъытапхъащ и къэралым хуэпэж, ар фIыуэ зылъагъу щIэблэ гъэсэныр. Абы къыззщIеубыдэ цIыху псори - я диным, зыщыщ лъэпкъым, я щэнхабзэм, псэкупсэ, хэкупсэ зыужьныгъэм емылъытауэ, - къыхигъэщащ Бейтуганов.

ЗэIущIэм хэтахэр тепсэлъыхьащ зэщIыгъуу ирагъэкIуэкIыну Iуэхухэм.

- Ди Iэнатlэм гулъытэшхуэ хуещI къыдэкIуэтей щIэблэм ядэлэжьэным: хэкупсэ Iуэхуэр, ЛIыгъэм и дерсхэр, нэгъэущIхэри хыхьэу, - жиIащ Васильев Сергей.

ЗэIущIэм и кIэухыу КъэбэрдейБалъкъэрым и ЩIалэгъуалэ правительствэмрэ Урысей гвардием и республикэ управленэмрэ зэрызэдэлэжьэнымкIэ зэгурыIуэныгъэм Iэ щIадзащ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Дунейм щыхъыбархэр

Арэзы къещI

УФ-м и Президент Путин Владимир «Псори Текlуэныгъэм папщIэ» форумым къыщыщIипсалъэм жиIащ дзэ Iуэху хэхар зэрекIуэкI зэманым Урысейм зыхъумэжьныгъэмкIэ и Iэнатlэм къызэрыкIуэ Сэлимрэ, Iэщ1агъэлIэныгъэм и унафэщIхэмрэ Iэщ1агъэлIэхэмрэ.

ПУТИН Владимир кьыхигъэщащ стратегие мыхьэнэ зиIэ ядернэ къарухэр процент 95-кIэ къызэрагъэщIэрэщIэжар, къэралым зыхъумэжьныгъэмкIэ и Iэнатlэм хуигъэува къалэнхэр процент 100-кIэ зэрагъэзащIэр, дзэ-промышленнэ комплексым хьихьэхэм къыщIагъэкI техникэхэм процент 30-кIэ зэрыхэхъуар, апхуэдэ Iуэху зехьэкIам арэзы къызэрищIыр.

«ФIыщIэ яхузощI Тулэ и Iэмэ выставкэм щцилъэгъуауэ хуабжьу гъэщIэгъуэн щыхъуащ, игуи ирихьащ. Мыбы зэуэ щызэзрихьэлIащ ди къэралым имызакъуэу Китайм, Тыркум, Италием, Нидерландэм, Белоруссием, нэгъэущIхэми пхъэщхьэмыщхьэхэм, къэкIыгъэхэм, щыгъэпщэрхэм зэрыщIелэжь иджырей техникэщIэхэр.

Гъэлъэгъуэныгъэ екIуэкIам Бэшорэм фIыуэ хилъэгъуаxэм ящыщщ, ар гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэм щIамыдзэ щыкIэ зэрызэхашар, сыту жыпIэмэ, узыхуеину сыт хуэдэ техникэри кьыщыпщэху хъунущ, жьыжь умыкIуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэм «АгроКавказ-2024»-м щагъэлъагъуащ нартыху, гуэдз жьлапхъэфIэр, 2023 гъэм кърахьэлIажа мыIэрысэхэр, Iусыпхъэ нартыху, гуэдз, хьэ, сое жьлэхэр, мэлылым, былымылым, джэдкъазылым кьыхэщIыкIа ерыскъыкIуэхэр, жыгыщIэхэр, инвест-пэхуэщIэхэр, нэгъэущIхэри.

БАТОКЪУЭ Албэч.

Къыщыпэкlуэм хэпщIыкIыу хэхъуащ. Къищынэмыщ1ауэ, КНР-р щIыдагъэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ иджыпсту Урысейр псом япэ итщ.

ИДЖЫБЛАГЪЭ къаралитIым зыхъумэжьныгъэмкIэ я министрхэу Шойгу Сергейрэ Цэхэнь Дунрэ лэжьыгъэ Iуэхукlэ зэрызэпэщIащ. НаIуэ къызэрыхъуамкIэ, Китайм иджы япэу и щхьэ течауэ жиIащ Украинэ зэныкъуэкъым Урысейм и телъхьэу зэрыщIыщытыр, адэкIи и Iуэху бгъэдыкIэр зэримыхъужьынур. «КНР-м зыхъумэжьныгъэмкIэ и министрым и псалъэхэр и щыхьэтщ урысей-китай зэныкъуэгъуэр нэхъ быдэ зэрыхъым», - итхащ а Iуэхум теухуауэ «Figaro» франдзыз газетым.

Шойгу Сергей жиIащ лъэныкъуитIым я дзэ зэдзэлажьэныгъэм зэрызыужьыжьыр, Урысеймрэ Китаймрэ я зэхущытыкIэр нэгъэущI зэзэгъэным зэран зэрахуэмыхъунур.

Мазаем и 6, *гъубж*

♦ЦIыхубзхэм я узыншагъэм зэран хуэхъу операцэхэр емыгъэкIуэкIыным и дунейпсо махуэщ

♦1918 гъэм Урысейр григориан махуэгъэпсым зэрыхуэкIуэм теуха декрет къыдэкIащ.

♦1935 гъэм «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамблым Советхэм я VII съездым и делегатхэм папщIэ Москва и Театр Иным концерт щитащ.

♦1923 гъэм къалъхуащ КъБР-м и цIыхубз артисткэ **Тэмазэ Маржэнэт**.

♦1959 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр, Налшык къалэ дэт поликлиникэ №3-м и дохутыр нэхъыщхьэ **Дол Маринэ**.

♦1938 гъэм къалъхуащ СССР-м узыншагъэр хъумэныкIэ и отличник, КъБР-м и цIыхубз дохутыр **Тембот Мухьэмэд**.

♦1952 гъэм къалъхуащ хьэрычэтыщIэ, жылагъуэ лэжьакIуэ **Сэбаншы Назми**.

♦1975 гъэм къалъхуащ адыгэ усакIуэ, журналист, дохутыр **Пщыкl Латмир**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщIынущ. Хуабэр маухэр градуси 4 - 6, жащым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

Мазаем и 7, *бэрэжьей*

♦Урысейм щагъэлъапIэ щIымахуэ спорт лIэужьыгъуэхэм я махуэр

♦2014 гъэм Сочэ жыIам къыщыззIуахащ XXII щIымахуэ Олимп джэгухэр.

♦1890 гъэм къалъхуащ КъБР-м и цIыхубз артист **Ашуров Танахум**.

♦1968 гъэм къалъхуащ усакIуэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и член-корреспондент **Бэлагъы Любовь**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщIытынущ. Хуабэр маухэм градус 13 - 16, жащым градуси 4 - 6 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иззщ.

Лъэпкъ Iуащ1ыгъэ:

Хамэ пщIэнтIэпс хъер хъуркъым.

● ЩIДАА

Къалэныщ1эхэр яубзыху

Мазаем и 2-м зэхэтащ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и Президиум и зэIущIэ. Ар иригъэкIуэкIащ ЩIДАА-м и щIэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий. ЩIэныгъэлIэр тепсэлъыхьащ академием и Президиумым 2024 гъэм иригъэкIуэкIыну яубзыху къаритащ.

- ДЫЗЫТЕХЬА илъэсыщIэр щIэныгъэ зэIущIэхэмкIэ гъэнщIауэ щытынущ. Дызэрихабзэу, делэжьнущ «Доклады АМАН» жыхуиIэу мазищым зэ къыдэкI журналым. Къышцынэмыщ1ауэ, ЩIДАА-м и Бахъсэн Республикэмрэ Адыгеймрэ щаIэ къудамэхэм я лэжьыгъэр дубзыхунущ. Дгъэбелджылынущ «Адыгэ - 2040. Вектор развития» Iуэхум елэжьнынхэр. Гу лъыстэнут ЩIДАА-м саугъэт зэригъэувым: щIэныгъэхэмкIэ екъулIэныгъэшхуэ къэзыгъэлъэгъуа щIэныгъэлIхэр ирагъэлъэпIэнуц «Синдика» зыфIащамкIэ, - кьыхихгъэщащ ЩхьэгъэпсОм.

ЩIэныгъэлIым зэрыжиIамкIэ, академиер хэтынущ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академиер илъэс 300 зэрырикъум теухуауэ къызэрагъэпэщыну даугъэдащэхэр. Ирагъэжьыкынущ аллергием пэщIэтынымрэ ар гъэхъужьынымкIэ зэIущIэ, Нэгумэ Шорэ къызэралъхурэ илъэс 230-рэ зэрырикъум теухуа зэхуэс, бэзм, техникэм, физикэм, химием зегъэужьыным теухуа зэхьыхьэхэр.

- Гулъытэ хэха хуэтщIынущ тхылъ къыдэгъэкIыным. Апхуэдэу, «Кто есть кто в АМАН» тхылъыр гъэхьэзырыным папщIэ къыдэгъэкIыным папщIэ щхьэхуэ зэхэтшэну ди гугъэщ. Грогучёв икIи сропагэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ ди институтым щагъэхьэзыра, Iыхьэ 4-у зэхэт тхылъыр дунейм къызэрытехьэнум. Абы елэжьаным зэрыжаIэмкIэ, нартхэм теухуауэ IуэрыIуатэм къыхэщыжу хъуар зэрыщIэткIэ щызэхэхьэсащ а къыдэкIыгъуэм икIи сурэт гъэщIагъэунэхэмкIэ гъэнщIащ, - игъэбелджылащ щIэныгъэ секретарь нэхъыщхьэм.

ЗэIущIэм къыщIэта Iуэхугъуэхэм гупсэхуу тепсэлъыхьа нэужь, ЩIДАА-м и Президиумым хэтхэм Iэ яIэтащ ахэр хъэщтэныжкIэ.

ФЫРЭ Анфисэ.

● ДифI догъэлъапIэ

Зэщхьэгъусэхэм я насып

Зы унэм щIэс псори зэхуэхъукъым унагъуэ,
Унагъуэр – зи унэм нэхъыжьым
и псалъэ щаIыгъырщ,
Зи хабзэр зи бзыпхъэ, и лъэпкъ
и нэмысыр щаIыгъырщ,
Зэгурыуэр щIипсэуэ зышIэр псэм
хэлъу къыздэхъухэрщ.
Унагъуэр бэгъуэхукIэ насыпым зеужьыр,
Насыпым Iэужьу докIуэкIыр нэмысыр,
Нэхъыжь и унафэр зи хабзэр мэунэ,
Мэунэ, аргуэру кIебгъэщIри псэщIэ,

Къыздохъухэр хужаIэу : - «Унагъуэ дахащэщ».Уръурлыгъэр зи нэгум кIыщ зэщхьэгъусэхэу Дэдэхъуэ Джылахъстэнрэ Алесярэ зэрызэдэпсэурэ мы гъэм илъэс тхущI ирокъу. ЛIэщIыгъуэ нкIыуэ кIыздзэыгъэщIа зэщхьэгъусэхэр я гъащIэм хуэарэзыщ. Я щIалэгъуэр ягу кьагъэкIыжу, зэман блэкIам щытепсэлъихькIэ, а тIум ящыболъагъу я зэхуаку дэлъ зэхэщIыкIыр, гуапагъэр, хуабагъэр.

ЗэдэгушIыIэу щыщыта зэманым и гугъу щащIкIэ я ныбжьыр пщIогъупщэри, плъэмыкIыу я щIалэгъуэр уи нэгу къыщIохъэ, я зэхуакум дэлъ лъагъуныгъэм гу лыпитэу.

Джылахъстэн и адэ Хьэчим сымэ езыхэр зэкъуэшитху хъурти, абы къыщэкIуэ гухэхъуэр зыщIэ лIым и хъуэпсапIэт кIуэ куэд иIэныр, ауэ абы кьыхуальхуар щIалэ закъуэрт. И щIалэм тегужьеикIауэ ипIат, адыгэ хабзэр нэсу зэрыхилъхьаным хуищIэкъуэ.

- ЗыгуэркIэ сытекьуэлеикIрэ сыкъыдэмыхьажурэ сыгувамэ, – игу кьеГэкIыж Джылахъстэн, – ди адэм си шыпхъитIыр си лъыхъуакIуэ кърихужьэрт. Iэщ1элъэпщIэным сыхуиГаесэрт, нэхъыбэрэ сыщIыгъумэ нэхъ кьищтэрт.

Курыт еджапIэр фIы дыдэу къэзыуха Джылахъстэн и хъуэпсапIэт мылицэм хьихьэну. Абы гу хуригъэщIат НКВД-м и полковнику а зэманым лэжьа и адэ къуэш Дэдэхъуэ Хьэжсэт. И мурадыр кьыщIищIам, Хьэчим къэгубжьат, и псэр пыту и къуэ закъуэр мылицэм зэрыхимыгъэхьэнур быдзэу кьыгуригъэIуат. Абы и щхьэусыгуэу иIэжт. Іуэхур апхуэдэу щыхъум, Джылахъстэн ЖьБКъУ-м и тхыдэ факультетым щIэтIысхащ, ауэ дзэм къулыкъу щищIэн щыхуей зэманыр хьащIысым, я унагъуэм зыри яжримыIэу военкоматым кIуэри, армэм дэкIащ.

Джылахъстэн екъуIэныгъэхэр иIэу, фIыщIэ, щытхъу тхылъхэр кьыхуагъэфэщауэ, сержант нэхъыжьу къигъэзэжащ. ЩIалэщIэм и хъуэпсапIэм и гугъэр хихьжьатэкъымэ, аргуэру и адэ къуэшым деж кIуащ мылицэм хьихьэн папщIэ къыдэIэпыкъуну елъэIуу. Аргуэрыжьу и адэм и мыарэзынигъэ къащцыхэкIым, абы и гум емыуэн папщIэ, Джылахъстэн и мурадыр Іэщ1ыб ищIащ. Къуажэ советыр зыпхъихъуэ лэжьакIуэм хуэдэтэ, Джылахъстэн яГэув дзэм къулыкъу зыщIэну даш щIалэгъуалэхэр кьыщыхатхыкI Іэнатlэм и унафащIу. Зэрылажьэм хуэдэуэрэ, Джылахъстэн технологиемкIэ егъэджакIуэ Іэщ1агъэри зригъэгъуэтащ.

Ахъмэтхэ ягупу Алеся Налшык дэт педогогикэ училищэр кьиуахуэ, кьуажэ интернатым и библиотекэм щылажьэрт. А Іуэхущ1апIэм Іут хъыджэкIэ цыкIухэр, я паспортхэр яхьри сельсоветым кIуащ Бахъсэнёнкэ зэрыщIипсэур тхылъым ирырагъэтхэну.

Си псэпъэгъу зэщхьэгъуситIыр зопIыжьри погуфIыкI, япэ дыдэу щыз1эрыльэгъуам малъхъэдисым хуэдэу зыгуэрым зэрызриушIар жаIэжрэр мэгушIэ.

- Алеся и дэлъху Ахъмэт Олег кьыздэлажьэрт, – жеIэ Джылахъстэн, - ныбжьэгъуфIи дыззхуэхъат. И шыпхъум хузиIэ гурыщIэр кьищIа нэужьи, ар зэи зэран кьытхуэхъукъым, си мурадыр кьыздиIыгъыу сытым дежи гуапэу къыслъыщIатащ.

ЗэрыщIыхьа нэужь, мазэ зыбжанэ нэхъ дэмыкIыу, а тIум я гъащIэр зы ящIащ. Алеся нысэфI дыдэ кьыхэкIащ, и лэжьыгъэри унагъуэри зэдихьеф, зыхьыхьэхэми фIыуэ закъригъэIьагъуу, гущ1э-тхьэмадэри кьыхуэарэзыуэ унагъуэ дахэ хъуащ.

– Псом хуэмыдэу, щIалэ нэхъыжьыр дунейм кьытехьа нэужь, – жеIэ Алеся, – си хъэ закъуэр ауитI схуэхъуащ», жиIэу дуней гуфIэгъуэр иIэти.

Джылахъстэнрэ Алесярэ бынипII зэдапIащ. ЩIалэ нэхъыжь Беслъэн Ростов дэт еджапIэм и юрист факультетыр кьиухри, илъэс пщыкIущкIэ абы щыпэжьащ. Иджы щIы бэдзэнду кьищтауэ абы толажьаныж, унагъуэ дахэщ, и щхьэгъусэ Оксанэ дохутыр-невропатологщ, щIалэ цыкIуитI яIэщ. ЕтIуанэ Асльэни хьэрычэтыщIэу мэлажьэ, и щхьэгъусэ Ася къуажэ администрацэм и лэжьакIуэщ, зыпхъурэ зы къуэрэ зэдапI. Япхъухэри егъэджакIуэхэщ, тIури унагъуэ исщ. Нэхъыжь Залинэ къуитху, Заирэ къуитIрэ зыпхъурэ яIэщ. Я малъхъэхэр щIалэ хъэрэзынэхэщ, благъэхэр щIыхуэр зэхуэдизэм зэрэдэщ.

– Аракъэ насып жыхуаIэр, – погуфIыкI Джылахъстэн, – быным и быныжу, къуэрылъху-пхъурылъхуу пщыкIутI диIэщ.

- Быным и гъэсэныгъэм хэлъхьэныгъэ нэхъыбэ хуэзыщIыр унагъуэра, хьэмэ еджапIэра? – жысIэу зэщхьэгъусэхэм сащеупщIкIэ, тIуми зэдзэрзэныу кьыхагъэщ ар унагъуэм нэхъ зэрытегъэщIагъ.

- Унагъуэм имыльэ хабзэр, нэмысыр быным еджапIэм щигъуэтыныкъым. ЩIэблэм зэхахыр аракъым дерс нэхъыбэ кьызыхахыр, атIэ ялъагъурщ. Зи унагъуэм нэмыс щызекIуэм и бынми ар хэлъу кьохъу. Ауэ жаIэркъым: «Уи унэ зыщыгъаси, хасэм яхьихьэ».

Джылахъстэн и псалъэм Алеся пещэ: «СызытекIияуэ е сыкъэзгубжьу си Iэ кьызыхуэсIэтэуэ зы бын сиIэкъым. «Фи адэм фыжесIэжынщ» жысIэртэкъым, атIэ, «фи адэ и жагъуэ хъунщ фи кьалэн фысмыщIэмэ», псалъэхэмкIэт зэрызахуэзгъазэр икIи псоми я кьалэныр зэращIэным яужь итт. Нобэми си бынхэр кьызздогушIэ: «Мамэ и Іэщ1э нэхъыщхьэр, фи адэ и жагъуэ хъунщ, жьхуиIэ псалъэрщ» жаIэри.

Зэщхьэгъусэхэр Бахъсэнёнкэ и езанэ курыт еджапIэм зэрыщIылажьэрэ илъэс щэ ныкъуэрэ тIурэ мэхъу. Абы-хэм я лэжьыгъэхэм кьыпэкIуащ щIыхь, фIыщIэ, щытхъу тхылъ куэд.

Си иужьрей упщIэу зэщхьэгъуситIым захуэзгъэзащ: «Ди зэманым цIыху куэд хуэарэзыкъым, мыхъумыщIагъэ псори абы тралъхьэ. Фэ дауэ феплърэ: зэманрауэ пIэрэ, хьэмэрэ езы цIыхухэм я бжер къуаншагъэр здэщцIэр?» Абы и упщIэм кьигъэщIа сатырхэмкIэ сухьинщ мы ди тхыгъэр, ар зытезухуами сохъуэхъу я унагъуэ дахэм гу щахуэну, гуфIэгъуэрэ дэрэжьгъуэрэ куэду яIэну.

БлэкIам хужаIэни ягъуэтащ,
Заманни хуэарэзыр мащIэщ,
Мылъку зиIэкIэ цIыхуэр зэхадзащ,
Убэн зифIэфIхэри гъунэжу диIащ,
Зэбийхэри зыкIи мымэщIа,
Фыгуэзн-ижэн зи хьэлхэри диIащ...
Пэжщ, нобэ ди зэманым зихъуэжащ,
Унагъуэ къэс нэхъыфIу псэууэ хуэащ,
Куэд щIауэ Іэкіэ цIыхуэр мыжьыщIэж,
Пэгунрэ пхъэхькIэ псыи къамыхьыж,
Я хадэр белкIэ цIыхуэм къамытIыж,
Маршынэ псынщIэхэр я пщIантIэм дэмыхуэж,
Я хьэгъуэлIыгъуэр ресторанхэм щащI,
Мин бжыгъэкIэ я хьэщIэхэр зэблокI,
Конвертым куэдым далъхъэри мы сом,
Зэрахьэр евро, доллархэр я куэдщ...
Зэманым сыт и лажьэр, дахэкIейщ,
Ди цIыхуэхэр хъуауэ щытмэ щыкIей?
Нэхъыжьым и пщIэр хуякIэм дадзэжам,
Нэмысри бжьыхьым псоми дахуэжам,
УкIытэр пхъуантэм быдзу далъхъэжам,
ФIыпIъагъуныгъэр къэпым иралъхьам,
Я бынхэм адыгэбзэр Іурачам...
Мы бжьыгэр, дахэ, кIэнишэу къыпхуэбжьынущ,
Зэманым лажьэ фэ къыхуэвмыгъэут,
Лажьэшхуэурэ зэхэлъыр цIыхуэхэращ...
Зэгупсысыжрэ я нэмыс къащтэжым,
Я хабзэ дахэр жьэгум ныдалъхъэжым,
Нэхъыжь и псалъэм щIэблэр ныщIапIыкIым,
Я адыгэбзэр быным Іурамычым,
Унагъуэ къэс я Іуэху щызэрахьэжым,
Я хъуэхъуэхэр я лъапсэм деж кьынэжым,
Адыгагъэр я псэм къыщыгушым,
ЩIы уи фIыщ, зэманыр пэрыуэнкъым,
Я псэукIэри зыкIи мыхъун икIэ!
Зэманым сыт и лажьэ?!
Дыгъэ къопсыр, ди уэзыкри
Гуапэу дэ ди щIыльэм тошхэ,
ЩIымахуэм уэсыр зэщIэлыдэу къосыр,
Тьатхэм дуейри дахэу зэгуфIагъэ,
Бжьыкьыжьи и Іэвэым цIыхуэхэр дыщIепIыкIыр...
Псэ лъагъуныгъэр мащIэ зыщIхэр цIыхуэхэрщ,
Зэманым и кьалэныр егъэзащIэ,
Ящыгъупщащи цIыхуэхэм я кьалэныр,
ЗэщIэгупсысрэ кьагъэзэжу щытмэ,
Гъэр ящIа псори хуит кьащIыжрэ псэумэ...
Зэманри гуфIэу гъусэ кьытхуэхъунущ.
КьэкIэнурри нэхъ дахэ ящIыфынущ,
Дэ ди псэукIэр зэманым и мылажьэ,
Зи лажьэр дэрщи, Цыхуэхэ, къэвгъэзэж,
БлэкIам фIы хэлъэр ди жьэгу щыбгъэпсэу,
КьакIуэм фIы къихьыр къэтбгъэубыд,
Ауэ кIуэдыжьи хъуэжи къыхэмыкIыу,
Ди хабзэр, ди бзэр ди псэм щыбгъэпсэу!

ЗЭГЪЭЩТОКЪУЭ Людэ.

● Пшыхьхэр

ТхакIуэт, журналистт, зэдзэкIакIуэт

Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ хэсэлъ библиотекэм мазаем и 3-м фэеплъ пшыхь щекIуэкIащ. Ар къыззрагъэпэщащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ, журналист, зэдзэкIакIуэ цIэрыIуэ Мэлбахъуэ Елбэрд къыззраIухэрэ илъэс 85-рэ щрикъум ирихьэлIэу.

БИБЛИОТЕКЭМ щагъэуват Мэлбахъуэ Елбэрд и гъащIэмрэ гуащIэмрэ теуухуа дапхъэ. Абы хагъэхьащ тхакIуэм и Іэдакъэ кьыщIэкIа тхылъхэмрэ теуухуаэ ятха тхыгъэхэмрэ, сурэтхэр, еэым ищIа сурэтхэу Емуз Анатолэ тыгъэ хуищIауэ щытахэр.

Лъэпкъ библиотекэм и унафащI, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щыхьэ зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м ис ЩIэныгъэлIхэм я зэгухьэныгъэм и унафащI Емуз Анатолэ и еджэгъуу, и ныбжьэгъуу щыта Елбэрд теуухуа и гукъэкIыжкэр гъэщIэгъуэнт. Абы жиIащ ар спортым, политикэм, тхыдэм дихьэхыу, тхылъ куэд еджэу, щIэныгъэшхэр бгъэдэлъу, цIыху щэныфIэу, и адэм хуэфащэу зэрыщытар, унагъуэкIэ зэкIэлъыкIуэу, я гуфIэгъуи гузэвэгъуи, шыгу-пIасти зэдагъэшу кьыззрекIуэкIар.

- 60 гъээм икуэм кьэсцIыхуауэ щытащ Елбэрд. Абы кьиухащ ноби дуней псом щIэупщIэ щызиIэ МГУ-м и журналистикэ факультетыр. Щалъуэ щIыналъэр зыхилъхьэ щымыIэу фIыуэ зылъагъуу щыта тхакIуэм лъэпкъ литературэр игъэбеящ, удэзыхьэх цIыху гъэщIэгъэунэу, щапхъэу щытащ, - жиIащ «Кабардино-Балкарская правда» газетым и лэжьакIуэ, усакIуэ Мотаевэ Светланэ.

- «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, усакIуэ, драматург Кашыкъуэ Заринэ и гуапэу жиIащ Елбэрд и тхылъхэм, псом хуэмыдэу «Іуащ1эхмахуэ кIуэ гъэгур щынагъуэщ» романым, ноби щIэупщIэ ин зэраIэр, и тхыгъэхэр щIалэгъуалэм зэрызэIэпахыр. Апхуэдэу Заринэ къыхихыгъащ Елбэрд зэгуэр кьритауэ щыта чэнджащ щхьэпэр и гъащIэ псом сэбэп къызэрыщIыхуэхъуар.

Пшыхьым зыкъэрезыгъэхьэлIахэм, абы кьыщIипсэлъахэм ящIыщт тхакIуэ, щIэныгъэлI, тхыдэтх, философ, журналист Бейтыгъуэн Сэфарбийрэ тхылъ тедзапIэм и унафэщI, лъахэхуэтэ, къэхутакIуэ Котляров Викторрэ.

Мэлбахъуэ Елбэрд «Кабардино-Балкарская правда», «Известия» газетхэм, республикэм и телевиденэм щыIэжьащ. «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэу 1991-2000 гъэхэм щытащ. ТхакIуэм и Іэдакъэ къыщIэкIащ «Наш дом – Кабардино-Балкария» (1971), «Набирая высоту» (1972), «Воспоминания охотничьей собаки» (1973), «Іуащ1эхмахуэ кIуэ гъэгур шынагъуэщ» (1980), «ЩIымыгъэпщкIуам къыщцIыхьхуэ» (1990) романхэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Электрокъару щрагъахъуэ

Дызэрыт илъэсым Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэIуахынкIи электромобилхэр зыхуеинуи хуэдиз электрокъару щрагъахъуэ станцыщIэхэр. Ди республикэр хагъэхьащ Урысейм и щIыналъэхэм ящыщу апхуэдэ станцэхэр щаухуэн папщIэ ахъшэ субсидие зратынухэм.

2024 ГЪЭМ станцу 25-рэ ягъэувын мурад щыIэщ, иджыпсту ахэр щащIыну щIыпIэхэр яубзыху. Ар нэхъыбэу зэлъытатэу щытынур туристхэр куэду кьыщцIыуВыIэхэмрэ машинэхэр нэхъыбэу щыIэтрихьэмрэщ.

ЭлектрокъарукIэ лажьэ автомобилхэм папщIэ станцхэр Налшыкрэ Бахъсэн кьалэмрэ дэтщ, мыгувэу Къызбурн кьыщIэзIуахынущ. Апхуэдэ станцхэр ухуэным мыхьэнэшхуэ ират икIи электрокъарукIэ лажьэ автомобилхэр куэду кьагъэсэбэп хъуну хуагъэфащэ. Псалъэм папщIэ, илъэсищ ипэкIи ди щIыналъэм апхуэдэ станцу щы фIэкIа имыIамэ, иджи ар 340-рэ хъуащ.

Апхуэдэуи, псалъэм кьыдэкIуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым псыкIэ лажьэ и электростанцхэм псори зэхэту 2023 гъэм кьалъэщащ киловатт-сыхьэт мелуан 622-рэ хуэдиз. Ар процент 20-кIэ нэхъыбэщ ику иту иужьрей илъэс зыбжанэм яIа бжыгъэхэм нэхъри (кВт/с млн 5I8-рэ). Апхуэдэ хьыбархэр иджыблагъэ зэбгригъэжащ РусГидро-м и кIуэдамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и пресс-Іуэхущ1апIэм.

РусГидро-м и Іэщ1агъэлIэхэм зэрызэрыхагъэщIамкIэ, апхуэдиз электрокъару станцхэм кьалэжьыным щэсыпIэ хуэхъуащ республикэм и псыежэхэм я уэрагъыр Іэкіуэлъакіуэу кьызэрыгъэсэбэпар, станцхэм я оборудованэхэр ныкъуасныгъэншэу я кьалэным зэрыпэлъэщар. Зэрыхабзэу, абыхэм ехьэлIа зэгъэпэщжьынигъэ лэжьыгъэхэм щIадзэ гъатхэ псы кьиуегъуэкIэ къэмыс, псыр уэр мыхъу щIыкIэ. Псом ягъэу зыкуей хуагъазэ оборудованэ нахьышхьэр - электрокъару кьэзылъэщыр, абы кьыкIэлъыкIуэу, ар зыгъэлажьэ оборудованэхэр, нэгъэщIэхэри.

ХЬэщIыкъуЕй Олег.

● БзэщIэныгъэ

ЩIыгум и зэхэлъыкIэр къагъэлъагъуэ

Іуащ1эхэмрэ лъагапIэхэмрэ я инагъэ зэхэлъыкIэрэ къэзыгъэлъагъуэ псалъэу адыгэбзэм (кIахэ, къэбэрдей диалектхэм) хэт гуэрхэм я гугъу нобэ фхуэтщIыжьщ:

Бгы - къэзыуэрееихь щIыпIэм хэIэтыкIа лъаганIэ. «Бгы лъагэ». «Бгым дэкIын».

Бгыху – мывэсэхуу зэхэлъ бгы.

Бгыкъипхъ - лъалъэу, сэху зэтеупIэщIыкIыу зэхэлъ Іуащ1эхэ мылъагэ. «Бгыкъипхъым и лъапэм мывэкIэщхъыр щIэзт».

Бгыпэ - бгым и гъунэ, нэз. «ЩIалэм псынщIэу еунэтI бгыпэм тет унэ хужьышхуэмкIэ».

Бгыжь – бгы дурэш зэв. «Бгыжьым и лъабжьэр кIыхьу, кууэ щIэупщIыкIат» (Шортэн Аскэрбий).

Бгыщ1э – бгы лъапэ.

Бгыщхэ, кIырыщхэ - Іуащхъэ щыгу, мывалъэ бгым и щхьэ.

Бгыуанэ, гуэрыщIэ, зэпыщI - Іуащхьитl зэхуакур зэпызыщIэ шытх екIуэкI, тхыщIэ хэшам и нэхъ лъахъшапIэ.

Бгы ІухьэпIэнщэ - Іуащхъэ задэу дэкIыгъуэт.

Бгы аранэ - къурш лъагэхэм я папщIапIэ.

Губгъуэ – дэнэкIэ зыбгъаазэми, «гум зыздиубгъу» жьхуиIэщ.

Губгъэушэкъракъ - зыри щымыпсэу, къэкIыгъэ щIагъуи кьыщцымыкI губгъуэ нэщI.

ГузэпыщIэ - Іуащхьитl зэхуакур зэпызыщIэ, уанэгум ещхь щы Іыхьэм, щыгу зиIэ щIыпIэ хэIэтыкIа зэпэгъунэгъуитIым я зэпытъыпIэм апхуэдэу йоджэ. «Игужь ипщэм къежэха шумрэ игужь ищхъэрэм къежэха мыщэмрэ гузэпыщIэм щызэIуащI» (Іуэрыуатэ).

Гуэздыдж - гъуэ, бгъэнщIагъ куу. «Чей лъабжьэм и щIэм зы гъуэздыдж гуэр иIэт, унэмыплъысу» (Іуэрыуатэ). «Ар зы махуэ гуэр зекIуэ кьикIыку кьуршымкIэ кьыщцхъэдэхьжым, зы гъуэздыдж гуэр Іущ1ащ» (Адыгэ Іуэрыуатэ).

Гъуэжлау - Іуащхьэ куэд зиIэ щIыпIэ. «Іуащхьэ лъапэм ущымыжей, гъуэжлау Іуфэхэм убгъэдэмыхьэ» («Іуащхьэмахуэ» журнал).

Гъуэфылъэ – Уэх. Псыжь, Инжьжь псыхъуэхэм дэс адыгэхэм я деж щызекIуэ псалъэщ. «Шыхъуэм шы гуартэр Іуащхьжьитlым яблихурэ гъуэфылъэм иритIупщхьащ» (Іуэрыуатэ).

Дамэщ1 - мыри кьэбэрдей хьэжрэтхэмрэ беслъэнейхэмрэ я деж щызекIуэ псалъэщ / бгы, лъаганIэхэм яIэу уэрихьэлIэ дапхъэ, занщIанIэ. «Мэжьу дыгъэ Iэтэшхуэхэр джабэ дамэщ1 щыкIуэм къуовэ» («Лъэбакъуэщ1эхэр»).

ДэкIыней - узыдэкIыну гугъу. «Адрей бжьэпэхэр задэщ, дэкIынейщи, уи щхьэр ерагъыу пхудэх къудейщ» («Іуащхьэмахуэ» журнал).

Жьанэ - кьуэладжэр щызэхуэкIуэж, щиух. «Дэ ды къущхьэт, къущхьэ жьанэм дыщалъхуат, Дэ ды къэзылъхугъэри дыщ1кI унагъуэти, ар мэунэ» (Іуэрыуатэ).

Кьушъхьэ, кьущхьэ - бгы.

КьушъхьэцакI (кьурш дзакIэ) - бгым и дзакIэу щыхупIэм екIуалIэр.

Кьушъхьэшыгу (кьушъхэ щыгу, кьурш щыгу) - бгым и щхьэкIэ, и нэхъ лъагапIэ дыдэ.

Кьурш - мывэ скъару зэхэт бгы лъагэ зэдекIуэкI.

Кьурш тхыцIэ, кьырыдзэ - бгыхэр, Іуащхьэхэр зэпызыщIэ шытхьащIэхэр (гузэпыщIэ).

Кьурш пхыдза - жьыжьэу зэлъагъуэ бгы закъуэ.

Мыжъобг (мывэбг), кьыр - мывэу зэхэт Іуащхьэ.

Мывэхъунэ – мывэ сэрей.

Мыжъобгъишху (мывэ бгъишхуэ) - мывэ скъару зэхэт Іуащхьэшхуэ.

Кьандзэгу, пыртыкъ, хьанцэгу, хьандзэгу - щы щхьэфэм кьыдэшеяуэ иIэ Іуащхьэ цIыкIу (хьумпIэцIэджьылъэ). «Кьандзэгу пэтрэ гу егъэуфэрэкI» (Псалъэжь).

Шыгу, пшъаIу (шапс.), щыгу - вершина (напр. горы).

Пэнтх, сэнтх, сэтх - джабащхэ, бжьэпэ. «Шу гупыр сэнтхым нызэрыдох».

Тхы - тхыцIэ лъагэ зэдекIуэкI.

Тхып - тхыцIэ щыхупIэ, Іуащхьитl зэхуакум и нэхъ лъагапIэ.

Іуашхъ (Іуащхьэ) - егъэзыхыгуэ мащIэ зиIэ бгы хэIэтыкIа.

Іошъхьажьый (Іуащхьэ цIыкIу) - джабэ егъэзыхыпIэ бгы цIыкIу.

Іуащхьэдэс (жьы) – бгырыс.

ХьэтыкъУэ Щауапцlэ.

ПсыщIэгъэлъадэхэр ягъэхьэзыр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэм губгъуэ лэжьыгъэхэм жьыдэжру зыхуэзгъэхьэзырым щIадзащ. Жьылапхъэхэр кьыхэхьым, щIыгъэпшэрхэр кьеушэлъым, къэкIыгъэхэр узыфэхэмрэ хьапIацIэхэмрэ зэрыщацъымэ хущцхъуэхэр зэгъэпэщыным, мэкъумэш техникэхэр зыхуей хуэгъэзэным къадэкIуэу, гулъытэшхуэ хуащ1 псы зэрыщIагъэльадэ машинэхэр зэгъэпэщыжьыным, дагъэншэу лажьэу гъэ тегъэхьэным. Нобэкlэ республикэм апхуэдэ техникэу 346-рэ иIэщ.

«ДУНЕЙПСО зэпыщIэныгъэхэмрэ экспортымрэ» лъэпкъ пэхуэщIэм хьихьу лажьэ «Мэкъумэш продукцэр хамэ къэралхэм яхуегъэшэн» щIыналъэ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ 2023 гъэм республикэм и мэкъумэшыщIэхэм къащцхуащ къэкIыгъэхэм псы зэрыщIагъэльадэ, иджыпрей мардэм кьитIасэ машинэ зэхуэмыдэу 66-рэ.

Абыхэм яхэтщ уэшх къыщIешым деж хуэдэу хьэсэхэр псыкIэ зыгъэнщI, щIыпIэшхуэхэр зэуэ кьызэщIэзыкьыбдэ машинэхэр, псыр ихьуреягъкIэ зэрызэбграуткьыкI спринклерхэр, ткIуэпс-ткIуэпсуэ псыр зэрыщIагъэхьэ Іэмэпсымэхэр. Иужьрейхэр псом хуэмыдэу кьагъэсэбэп хадзэкIэхэмрэ пхъэщхьэмыщцхьэхэмрэ къэзыгъэкIхэмрэ.

Абы кьыдэкIуэу, 2023 гъэм псы зыщIагъэльадэ щIым гектар мини 6,4-рэ кьыхагъэхъащ. Илъэ ита илъэсым щыIа бжыгъэхэм елъытауэ ар хуэдизкIэ нэхъыбэщ - 2022 гъэм хагъэхъуэфар гектар мини 2 кьудейщ. Къэрал, щIыналъэ бюджетэхэм щыщу а Іуэхум хухахащ сом мелуан 665-м щIигъу.

Апхуэдэ Іуэху бгъэдахьэкIэм и фIыгъэкIэ республикэм и мэкъумэшыщIэхэм, щIым телъжьыхьэм Іэмал ягъуэтащ псы зэрыщIагъэльадэ техникэ зэмылIэужьыгъуэхэр кьащцхуну. А унэтIныныгъэм зэрегулъэм и фIыгъэкIэ щIым кьыгтрах гъэвэм и куэдагъым илъэс кьэхуэ зэпытщ, кьитащ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм.

Кьыхэдгъэщынщи, 2019 - 2023 гъэхэм псы зыщIагъэльадэ щIыуэ республикэм кьыщагъэсэбэп гектар мин 30,5-рэ. Федеральнэ, республикэ бюджетхэм кьахэкIыу кьэрал дэпкъыныгъэу а лэжьыгъэхэм псори зэхэту сом меларди 2,3-рэ хухахащ.

АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.

ЗэфIагъэкIахэмрэ къапэщылъхэмрэ

Урысейм Тезыр зытралъхьахэм ар егъэпшынькъынымкIэ и федерэ гъэпсыгъэ Іуэхущ1апIэм и управленэу КъБР-м щыIэм щызэхэтащ коллегием и зэIущIэ. Абы щызэхалъхьэжащ 2023 гъэм я лэжьыгъэм кьрикIуэхэр, адэкIэ кьапэщыт кьалэныщIэхэр щыгубзыхуащ, гу зылъытатхъэ унэтIныныгъэхэр щагъэнэIуащ.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ Цlыхум и хуитныныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэр, КъБР-м экономикэ, жылагъуэ щынагъуэншагъэмкIэ и Советым и секретарьр, республикэм и прокурорым и кьуэдзэр, Урысей Федерацэм Юстициэмкlэ и министерствэм и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщIыр, хабзэхъумэ Іэнатlэхэм, щIыналъэм и кIэлъыплъакIуэ комиссэм, КъБР-м щыIэ УФСИН-м дэлажьэ Жылагъуэ советым я лIыкIуэхэр.

Я лэжьыгъэм кьрикIуахэм теуухуаэ къэпсэлъащ управленэм и унафэщI Демидов Александр. Абы гулъытэ хэха хуищIащ «УголовнэгъэзэщIакIуэ Іэнатlэм 2017 - 2025 гъэхэм зегъэужьын» федеральнэ программэм кьыщыгъэлъэгуахэр зэрызэфIахьыж. Унафэщым ыкIи хигъэщащ щэч зыхуащIхэу, ягъэгъэнэхэу, суд зытращIыхьахэу УИС-м и Іэнатlэхэм щалыгъэхэм я бжыгъэ кьызэдэкIа илъэсым процент 18,4-кIэ нэхъ мащIэ зэрыхъуар икIи ар 1465-м зэрынэсар. Мазэ 12-м я кьриубыдэу тутнакъэм кьытрахащ сотовэ Іэмэпсымэу 207-рэ, наркотикхэкI грамм 8.310-рэ. Ахэр нэхъыбэу къаззрыIэрыхьэ Іэмалу кьонэж абыхэм хуагъэхь посылкэхэр - ерыскъыхэкIхэр кьыщцатIэ, абыхэм хагъапщкIуэ. ЩIыIэщ Іэхуащ1апIэр къызэрыхъьамкIэ щыхущхьэпрадзи.

Коллегием хэтхэр щхьэхуэу кьыТеувыIащ суд зытращIыхьахэр Іэнатlэкlэ къызэрэпэщыным, ахэр гъэлэжьэным, тезыыр щагъэзэкIуэж центрхэм зегъэужьыным. 2023 гъэм колние № 1 м къыщцэзIуахащ апхуэдэ центрым хуэхэуэ щыт щIыпIэ щхьэхуэ.

ЗэIущIэм гулъытэ хэха щыхуищIащ Урысей Федерацэм и Президентыр хэхыным зыхуэгъэзэжьэныным ехьэлIа Іуэхухэм. «Щэч зыхуащIхэм, ягъэкъуанщэхэм, суд зытращIыхьахэм Іэ яIэтыну хабзэкIэ яIэ хуитныныгъэм фIэкIыпIэ имыIэу къызэрагъэпэщцьн хуейщ», - къыхигъэщащ КъБР-м щыIэ УФСИН-м и унафэщIым.

Къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ республикэм и хабзэхъумэ Іэнатlэхэм зэрадзлажьэм. ЗэщIыгъуу ирагъэкIуэкI профилактикэ Іуэхухэм къызэщIиубыдащ учётым щыт щIыпIэ мини 6, хабзэм ебэкъуахэр яущийкIу псалъэмакъ щхьэпэу мин 13-м нэблагъэ ирагъэкIуэкIащ.

2023 гъэм Жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэм хэтхэр КъБР-м щыIэ УФСИН-м и Іуэхущ1апIэхэм щыIащ 23-рэ, Цlыхум и хуитныныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэм и аппаратым и Іуэхущ1апIэхэм щыIащ 27-рэ яхуэхIуащ щхьэхуитныту яIыгъэхэм.

КъБР-м щыIэ УФСИН-м дызыхьха ильэсым зэфIагъэкIыпхэ кьалэн нэхъыщхьэхэр ягъэбелджылащ коллегием и зэIущIэм и кIэухуэ.

АЛБОРЭ ФатIимэ,
КъБР-м щыIэ УФСИН-м и пресс-Іуэхущ1апIэ.

● 2024 гъэр Унагъуэм и илъэсщ

Къулхэ я щIэблэ зэчиифIэр

2024 гъэр Урысейм Унагъуэм и илъэсу зэрыщагъэувам дытепсэлъыхьащ, ар Iэтауэ къышыгъэхащ ВДНХ-м щекIуэкI «Урысей гъэлъэгъуэныгъэ иным къыщызэрагъэпэща «Къыбдалъхуахэмрэ фIыуэ плъагъуэхэмрэ» урысей-псо унагъуэ зэхыхьэшхуэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбоГъэдкIыу, адыгэ, балъкъэр лъапIэныгъэхэр утыку кърахьэу Iэхъум хэтащ артист цIэрыIуэхэу Къулхэ АмиррэЛанэрэ я унагъуэр. Зэхьихьэм ди къэралым и хэгъэгу 89-м щыщ унагъуэ зэчиифIэхэр щызэхуэсат.

ПСОРИ зэхэту къапщтэмэ, унагъуэ 250-рэ хэтащ, ар цIыху миным щIигъурт. Нэхъыбэр, дауи, щэнхабзэмрэ гъэзэджэмрэ хэлъхьэныгъэ хуэзыщI унагъуэ лъэрызехьэхэрт, абыхэм яхэт Урысейм и Лыхъжьхэм, Украинэм щекIуэкI дзэ Iэуху хэхам хэтхэм я Iыхьлыхэр, унагъуэщIэхэр, бынунагъэщхуэхэр, сабий зыбжанэ къэзыхьауэ зыпI унагъуэхэр, къыщалъхуа щIыналъэм и зыужьныныгъэм зи гуащIэ хэзыльхьэхэр, зи бынхэм Iэхъу ядэзыщIэ адэ-анэ, адэшхуэ-анэшхуэ зыщIэс унагъуэхэр. Дэтхэнэми игъэлъэгъуауе щхьэж и унагъуэм иль хабзэр, зэгурыIуэныгъэмрэ лъагъуныгъэмрэ лъабжьэ хуэхъур, мастер-классхэр, апхуэдэуи ВДНХ-м къыщызэрагъэпэща творческэ зэхьэзэхуэхэм хэтащ, здиКа щIыналъэхэм я щIыпIэ дахэхэр, щхьэхуэныгъэхэр, къулеиныгъэхэр къызэхуэсахэм ирагъэлъагъуу, лъэпкъ щхьныгъуэхэр ящыдж.

Ди республикэм щыщу абы игъэкIуэнур къыщыхахым куэдрэ хэплъащ унафэщIхэр. ЖыпIэнуракъэ, урысейпсо утыку ибгъэхьэну зыхуэфащэ унагъуэ куэд диIэу къыщIэкIащ. Аущ зы хуагъэфэщагъэм яхэтащ а махуэхэм зи Iэуху хуэмыкIуэхэр. ИкIэм-икIэжьым къэпщытакIуэхэр зэчэнджэщи, унагъуэ дахэ куэдым я къеКIуэкIыкIар ищIэу, Москва ягъэкIуэну къыхэзыльхьэу гупым хэта Къул Амир и унагъуэр къыхахащ. Амир музыкант Iэзэщ, артист зэчиифIэщ, щIэблэм ядэлажьэурэ адыгэ щэнхабзэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа цIыху ахъыршэмащ, и щхьэгъуэЛанэ и анэ Кърым Иринэрэ и адэ Жырыкъ Зауррэ я зэчиим къыкIэрымыху зэфIэкI бгъэдэлъщ, дахэу уэрэд зэрыжиIэм къыщымынэу, япхъу Даяни а Iэщ Iагъэр къэхихри, адэ-анэм ябгъурыуащ. Унагъуэм щыщ нэхъыжьхэр Москва кIуэфакъым, ауэ курыт ныбжьым итхэмрэ абыхэм я щIэблэмрэ дахэу зыкъыщагъэлъэгъуащ «Урысейм и династие» унэтIыныгъэм.

Абы къарагъэблагъар зи Iэщ Iагъэм дихьэх лакъуэ зыбжанэ къызыщIэтаджэ унагъуэ хэхахэрт. А росим екIуу утыкум щагъэлъэгъуащ щхьэж зыкъуэIэзэр. АмиррэЛанэрэ я унагъуэр къызэрыгъэкIкъым, нэгъэщIу жыпIэмэ, Амир къызэригъэпэща уэрэдымкIэ театр «Амикс» студием хэт щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ я ящыщ куэд къуэ, пхъу ящIауэ, абыхэм я щIэблэр я куэщI ирапIыкI. Апхуэдэ зэпыщIэныгъэхэр яхуиIэщ адыгэхэми, балъкъэрхэми. Москва утыку къыщихьа унагъуэр лъэпкъ зэмыльIэужьныгъуу, плакъуэ зэкIэлыкIуэу зэхэт. Уеблэмэ, езы зэщхьэгъусэхэм я пхъурылъху, мазиплI фIэкIа мыхъу Iэдиихуи я гъусэт. Макъамэ и лъэныкъуэкIэ ягъэлъэгъуа зэфIэкIым къыдэкIуэу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и адигэ, балъкъэр унагъуэхэм щызекIуэ хабзэр, нэмысыр, зыхэщIыкIыр, пщIэр, цIыхугъэр къызэхуэсахэм нэрылъагъу щащIащ ди лъахэгъуэхэм.

Арат зэхьыхьэм и къалэн нэхъыщхьэри. Адэ-анэхэмрэ я бынхэмрэ я зэпыщIэныгъэр, Iэщ Iагъэр зэрызэIэпахьыр, лъэпкъ унагъуэ лъапIэныгъэхэр зэрахъумэр щапхъэу гъэлъэгъуэныгъэт. Абы и лъэныкъуэкIэ телъыджэт, зи анэр, анэшхуэр, анэшхуэм и анэр уэрэджыIакIуэ Iэдиихуу цIыкIу ВДНХ-м и утыкум а Iэщ Iагъэм лъапIэ махуэ зэрыщIрагъэчар. Амир и пхъурылъху цIыкIуи а махуэм Iэщ Iилъхьащ езым хуэIыгъын хуэдэу цIыкIуу хуарагъэщIа пхъэщIычыр. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, Iэдиихуу еплIанэ лIакъуэу абгъурыуащ Иринэ,Ланэ, Даянэ сымэ. Дыщыгугъынщ а цIыкIури вагъэщIэу зэман гъэнэгъум ди адыгэ утыкум къихутэну.

Адыгэм и Iэнэ берычэтым сыт щыгъуи тет ерыскъы Iэфыкиби къыкIуэтынутэкъым Къулхэ, Амир и шыпхъур пщафIэ Iэзэти, джэд дэлэн ищIыну зигъэхьэзырат, ауэ хунэсакъым. Амир зэрыжиIэмкIэ, зэпеуэу уздыхэт хъунчэр куэд хъурт, езы хэмхи ягъэпэгъуэн куэд якъуэлъат, ауэ ВДНХ-м Iэхъур щекIуэкI и павильонхэр зэрыкуэдым, зым укъыщIэкIыу, адрейм укIуну сыхьэт ныкъуэ зэрихьым къыхэкIыу, псоми унэсакъым. Я къэлэн нэхъыщхьэр арат щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ ехьэлIа унэтIныныгъэм я зэфIэкI щагъэльагъэри, пашэныгъэ къыщащхьащ. Лъэпкъым къыдэгъэзыгурыкIуа уэрэдыжьхэм къыщыщIэдзауэ иджырей уэрэдхэри хэту жаIащ унагъуэм, макъамэ Iэмэпсымэ зэмыльIэужьныгъуэхэр къагъэсэбэпу. «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» уэрэдым и япэ Iыхьэр адыгэбзэкIэ Бэрэгъун Заур игъэззащIащ, етIуанэр балъкъэрыбзэкIэ Бозиев Сультан жиIащ, ещанэр псоми къагурыIуэ, урысибзэмкIэ здзыжаIащ.

Мы псори Амир къызэщIигъэIуэри, онлайн загъэхьэзыраш, усэхэри, уэрэдхэри видеоэпIыщIэныгъэ IэмалхэмкIэ здгъэзэащIэуре. «Псори зэгъусэу зы щIыпIэм дызэрыщымыIэм щхьэкIэ, репетицэ тщIыну Iэмал диIакъым. ВДНХ-м дыщызэхуэза нэужь, зэхьэм щIидзэныр ипэ кIыхуэу дакъыкъэ 30-кIэ псори дызэгъусэу къэтпщытэжауэ аращ здгъэщIэхэр. ЦIыхуипщI дыхъурт. Абыхэм жаIэным хуэдэу дыдэу мыхьэнэ естырт ди фащэхэми», - жеIэ Амир.

Сыт хуэдиз къару, зэман трамыгъэкIуэдами, ехьулIэныгъэр къахьа нэужь, псори ящыгъупщэжащ зэпеуэм хэтахэм. Дэри дагъэгушхуащ ди республикэм и цIэр иджыри зэ фIыкIэ зэрагъэIуам папщIэ.

- ФIыщIэ хуэсщIыну сыхуейт апхуэдэ утыкушхуэм лъэпкъ щэнхабзэр, республикэм и псэукIэр, зэмыльIэужьныгъэр дахэу зэрыщIэсхэр щыдгъэльэгъуну дзыхь къытхуэзыщIэхэм. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбеки къызэрэзэщIэкIуэхэми сахуэарэзыщ, къыдагъэзэа дзыхьэр зэрыдгъэпэжыным иужь ди Iащ. А псом къищынэмыщIауэ, дяпэкIэ нэхъыбэмкIэ дытезыгъэгушхуэн къаурэ гурыщIэкIэ къытхуэупсащ а зэхьихьэр. Сэ сыэжупсэ егъэлеящ, ВДНХ-м щыщIэхэпщIэрт ди къэралышхуэр цIыкIуэхэ, зэчиийкIэ, къауркIэ зэрыбейр, и щэнхабзэр зэрыльагъэр, лъэпкъ зэмыльIэужьныгъэмрэ абыхэм я дуней тетыкIэмрэ щхьэхуэкIэлъыкIэ дахэ зэращIр. Абыхэм уи гур къыздрамыщеинкIэ Iэмал иIэтэкъым.

Дызыхэтыр зэпеуэ щхьэхкIэ, абы кърихьэлIа къомыр зэныкъуэкъуэ гуэрым хэту къыпхуэщIэнутэкъым, зылI и быну зэкъуэту, зыр зым дэIэпыкъуэу, чэнджэщхуэ ирату апхуэдэт.

Псори ауха нэужь, хэтахэр щызэхуэсыжа зэIущIэм Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир кърихьэлIат. Президентым убгъуренту утыку уэзиритым лIыгъэ къыпхилъхьэрт, дауи. Абы хуабжьу мыхьэнэшхуэ иIащ. Гум щыщIэм къегъэльагъуэ Унафэщым пщIэ зэрыхуэпщIыр, дзыхь зэребгъэщIр. КIэуэ зэIущIэр щIидзауэ Путиныр щыщIыпсалъэм псори къэтэджащ. ЗэгурыIуатэкIым, заГъэкъэзыратэкIым, пашэр утыку къихьати, щхьэж и щхьэ къихьа гупсысэкIэ къызэрытэджар нэрылъагъут. Пыплъхьэни пыхьыни щымыIэу лъэпкъым, щIыхьым, къэрал псом я пашэщ Путин Владимир. Тхьэм къригъэхъулIэ зыхэт Iэхъур, - къыддогуашэ Амир.

Къулым жиIащ унагъуэ насыпым лъабжьэ хуэхъур зэгурыIуэныгъэмрэ щыIныгъэмрэ зэрыкъэр. Унагъуэм исыр зэчий зыбгъэдэлъ защIэу щыщIыткIэ, я еплъыкIэр щызэтемыхуи, щызэныкъуэкъуи яхъухуэз, ауэ Iэхъур и кIэм нэс зэпкърыпхмэ, узэпсалъэмэ, зы лъагъуэ сыт щыгъуи яхуэздагъуэт, зы гупсысэм хуеш. «Унагъуэм нэхърэ нэхъ гъунэгъу дунейм зыри теткъым. Ар зэрыфхъумэным иужь фит», - жеIэ Къулым.

ФIыэрыщыгъуазэщи, ВДНХ-м щыIэ гъэлъэгъуэныгъэм къыщызэрагъэпэща «Къыбдалъхуахэмрэ фIыуэ плъагъуэхэмрэ» урысейпсо унагъуэ зэхьихьэшхуэм «Урысейм игу» унагъуэ жьэгу мафIэр щызэщIагъэнащ щыщIышылэм и 23-м. Ар уэздыгъэ 12-м ирагъэувэри, федеральнэ щыналъэхэм щызэбграхащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу «Урысейм и династие» зэпеуэм «ЗэчиифIэхэм я унагъуэ тепльэгъуэ» унэтIныныгъэм щытекIуэ Къулхэ я унагъуэм Налшык къыхьа а жьэгу мафIэр кьалэ ЗАГС-м ирагащ Унагъуэм и илъэсыр икIыху абы щахъумэну, унатъуэщIэ къэуIнэхуэми, хэхъуэ зиIэхэми а мафIэм и хуабэм щыщ ялъэIэсын папщIэ. «МафIэр унагъуэ жьэгум и дамыгъэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым ис унагъуэ псомэ а мафIэм и нэхумрэ и хуабэмрэ яхуигъэщу ЗАГС-м щIэтынущ мыр», - жиIащ Къул Амир.

Нэчыхь щатх уардэунэм и унафэщI Шэру Валентин мафIэр щыблэ уэздыгъэр щратым хъузэхуауэ ди лъэхэм ис дэтхэнэ унагъуэми насып иIуу, сабий макъ къыщыIуу, лъагъуныгъэ щIэзу псэуну. «Дригушхуэу тхъумэнущ мы мафIэр, илъэс къакIуэ текIуэныгъэ къэзыхь унагъуэм еттыжьин хуэдэу. УмыщIэхъэу, ахэри ди Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу къыщIэкIыну, иджыри кьытхуэнэнкIэ хъунщ дамыгъэ лъапIэр», - жиIащ Шэрум.

А махуэм дахэм ирихьэлIэу Къул Амир и гъэсэнхэм, хуэ ищIахэм ящыщщ уэрэджьыIакIуэ Хъусин Андзоррэ Жабоевэ Замирэрэ кьахэхъуа еханэ сабийм и щыхьэт тхьылъэ иратыжащ.

НЭЩIэПЫДЖЭ Замирэ.

«Урысейм щащIащ»

● Жармыкъ

Китайм хьихъ Шэньям къалэм щыыщIалэм и 27-м къыщIэзIуахащ «Урысейм щащIащ» япэ фестиваль-жармыкIэр. Ар Китай Илъэсыщ Iэм ирихьэлIэу къызэрагъэпэщащ икIи мазаем и 5 пщIондэ лэжьэнущ.

ШэньЯН къалэм щагъэлъагъэ Урысейм щащIа хьэпшыпэкр. Iэхъур къызэрагъэпэщащ ди къэралым и Экспорт центрым, УФ-м и Правительствэмрэ Лянин щыналъэм и Правительствэмрэ и дэпыкъуэгъуу.

Фестиваль пыре, китай уэрэджыIакIуэхэм я концерткIэ къызэIуахащ. Амур областым цIыхубэ IэмэпсымэхэмкIэ и «Карусель» ансамблым игъэзэщIащ «Калинка», «Подмосковные вечера» уэрэдхэр.

ХъэщIэхэм фIэхъус гуапэкIэ зыхуагъэзащ Урысей экспорт центрым и унафэщI Никишинэ Вероникэ, Лянин щыналъэм и губернатор Лэчэн Ли, Шэньян къалэм и Iэтащхьэ Жкичэн Лу, урыс, китай хъэрычэтыщIэхэм.

- Ди къэралым удэлэжьэныгъэ хэль фIагъэхэр къэдгъэлъэгъуэнырщ фестиваль и къалэн нэхъыщхьэр. Китайм къэтшащ Урысейм къыщыщIагъэкI продукцэхэм я нэхъыфIхэр, ди щэнхабзэм, хабзэхэм, спортым хэдгъэгъэзэжуэри ди мурадщ. Ди фIэщ мэхъу ди къэралхэр абы нэхъри зэгъэнэгу зэрищIынур, - жиIащ Никишинэ Вероникэ.

Шэньян щыпсэухэр фестивалым и япэ махуэм хуэзащ Олимп чемпион Щербаковэ Аннэ, «Карусель» ансамблымрэ урыс уэрэджыIакIуэ Осин Никитэрэ я концертым епIащ, мастер-классхэм хэтащ, урыс шыныгъуэхэм я IофIагъэм зыхагъэгъуэзащ. КъызэщIэпкъэжащ, жармыкIэм Урысейм ираша хьэпшып, ерыскъыпхъэ мин бжыгъэхэр щыбольагъу, IофIыкIэхэр, псыIофIхэр, гъэшхэкIхэр, бдзэжьейхэкIхэр, нэгъуэщIхэр къызэщIиубыдэу. Фестиваль-жармыкIэм хэтщ Урысейм и щыналъэ 30-м я Iэхуащ1апIи 130-м щIигъу. Апхуэдэхэщ «Мираторг», «Черкизово», «Эфко», «Балтика», «МАКФА», «Союзпищепром», «Объединенные кондитеры», «Славянка», «Русский краб», «СЗРК», «Эконива», «Комос», «БРПИ», «Дядя Ваня», «АБИ Продакт», нэгъуэщIхэри.

Фестивалым и программэм хьихьу, тхьэмахуэм къриубыдэу Китайм и Шэньян, Далянь къалэхэм щыпсэухэм ирагъэльагъуну урыс шхыныгъуэхэм я гъэхьэзырыкIэр, абыхэм щыщхэри Iагъэхуэнущ. Апхуэдэу цIыхубэ Iэпщ1эльапщIэхэм мастер-классхэр ятынущ, Мариинскэ театрым и балетым и артистхэм, Якобсон Леонид и цIэр зезыхьэ театрым и балетым, нэгъуэщIхэри.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Къамылыкъуэ ирагъэблагъэ

«Сырин» щIалэгъуалэ гупыр «Театральная завалинка» урысейпсо зэпеуэм къызэрыщыхьэжаныкIам теухуа хьыбар гуапэр ди республикэм и хъыбарегъащIэ Iэхъущ1апIэхэм зэбграгъэхуа иджыблагъэ.

ТЕАТР гупыр къэрал утыку ихьэныкIэ лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ абы и унафащI, КъБР-м ЦIалэгъуалэм я IэхъуэхэмкIэ и министерствэм и къудамэм и тхьэмадэ КýгъэптыжАхьмэд. А цIыху гуащIафIэр сыт и щыскIи яужь итщ сабийхэм я анэдэлъхубзэр efIэкIуа зэрыхъуныр, лъэпкъым ижьыкIэр къыддеIуэкI хабзэ-бзыпхъэкIэ зэрыхъуныр, ныдэлъхубзэр щIэлъагъуалэм хэкупсэ гъэсэныгъэ ябгъэдэлъхьэныгъэм гурэ псэкIэ хуэлажьэ режиссёр Iэзэ КýанкъулИслъам.

Мыдрейуэ зэрызэхтхамкIэ, «Сырин» щIалэгъуалэ театрыр Дзэлыкъуэ районым хьихьэ Къамылыкъуэ къуэжьи мазаем и 7-м ирагъэблагъэ. Абы щагъэлъэгъуэнущ усакIуэ, драматург, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къанкъуэ Зарино «Унащхьэ» зыфIещ и пьесэм къытращIыкIа теплъэгъуэ. Спектаклым сыхьэт 14-м щIидзэнущ. Еплъыну хуейхэр ирагъэблагъэ!

КЪАНКЪУЭЛ Раисэ.

Москва и дохутырхэр Налшык щыIащ

Бакулев А. Н. и цIэр зезыхьэ Гу-лъынтхуэ узыфэхэмкIэ щIэныгъэ центрым и Iэщ1агъэлIхэр Налшык щыIащ. КIэльыплъыныгъэм кърикIуам ипкъ иткIэ, дохутырхэм адэкIэ яубзыху абы игъуэтын хуей Iэзэгъуэр зыхуэдэр, кардио-хирургие дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэр езы центрым ягъакIуэ.

МЫПХУЭДЭ зэдэлэжьэныгъэр хабзэ хъуауэ, 2017 лъандэрэ ирагъэкIуэкI. А лъэхъэнэм къриубыдэу ди щIыналъэм и щIыкIуэ кушIэм я узынщагъэр щрагъэфIэкIуэжащ центрым. Iэщ1агъэлIхэр къэкIуэгъуэ къэзрыкуэ и Кардиодиспансерымрэ я Iэщ1агъэлIхэр лэжьыгъэ и пIалъэкIэ зохъуажэ.

Бакулев А. Н. и цIэр зезыхьэ Гу-лъынтхуэ узыфэхэмкIэ щIэныгъэ центрым и Iэщ1агъэлIхэм къыхагъэщащ республикэм и Кардиодиспансерым и дохутырхэм сымаджэхэм я узыр къэхутэныжмкIи гъэхъужьныжмкIи эзфIэкI лъагэхэр зэрэлэр.

Москва къикIа Iэщ1агъэлIхэр Налшык махуитIкIэ щыIащ. Абыхэм щIыхь 150-м нэблагъэм я узынщагъэр къапщытащ.

щхьэщэмыщI Изэ.

Иджырей хьэщIэщхэр

Зэман кIэщIым къриубыдэу яухуэ, псынщIэу зэпкърыплъхьэ-зэпкърыпхьжу, нэгъуэщI щIыпIэхэм бгъэIэпхъуэ хъу къэщIэщхэр (модуль хьэщIэщхэр) ухуэным хуэунэтIауэ Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм сом меларди 3,2-рэ къыхуаутIыпщащ иужьрей илъэситIым.

УРЫСЕЙ Федерацэм и щIыналъэхэм ящыщу а Iэхъум ехьэлIауэ къэрал дэIэпыкъуныгъэ нэхъыбэ зратахэм ящыщщ Дагъыстэныр, Къэбэрдей-Балъкъэрыр, Осетие Ищхъэрэ - Аланиер. Ар иджыблагъэ наIуэ къыщIащ УФ-м экономикэ зыужьныныгъэмкIэ и министр Решетников Максим.

«КИФЩI-м хьихьэ щыналъэщыр яхэтщ модуль хьэщIэщхэр яухуэн папщIэ къэрал ахъшэу нэхъыбэ зыхуэдэтIупщахэм, УФ-м и щIыналъэхэм ящыщу абыкIэ япэ уяпIипщIыр зыIыгъэхэм. Ахэр Дагъыстэныр, Къэбэрдей-Балъкъэрыр, Осетие Ищхъэрэ - Аланиерщ.

2023 - 2024 гъэхэм Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм сом меларди 3,2-рэ яхуэдэтIыпщащ, абыхэм ящыщ халъхьэ пэхуэщIэу 120-р гъэзэщIа хъун папщIэ. А щIыпIэхэм щаухуэну модуль хьэщIэщхэм щIыхуэр яхьщыуфIыну, щIэсыну иIэ пэшхэр псори зэхэту мини 2,4-рэ хъунущ», - жиIащ министрым, лэжьыгъэ Iэхуэкъ Кавказ Ищхъэрэм къэкIуаэр.

Решетниковым абы щыгъуэ къыхигъэщащ модуль хьэщIэщхэр ухуэным ехьэлIауэ щIэ программэм адэкIи къыпащэну зэрыфIэигъуэр икIи, абы къыдэкIуэу, нэгъуэщI щIыналъэхэм апхуэдэ я лъэпхэр зэрамыгъэзэщIар къильытэу, жиIащ ар УФ-м и Правительствэм къыщыхилъхьэну зэримурадыр.

«Эксперт Юг» медиахолдингым къызэритамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым модуль хьэщIэщхэр ухуэным хуэунэтIауэ къэрал бюджетым сом мелуан 573-рэ щыхухахащ. Абы щыщу 2023 гъэм сом мелуан 284-р къаутIыпщакIэщ, 2024 гъэм - сом мелуан 289,5-р къагъэкIуэнущ.

ХЬэщЫКЪУЕЙ Олег.

Узынщагъэмрэ шынагъуэнщагъэмрэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкIуэкI «Ди сабийхэм я узынщагъэмрэ шынагъуэнщагъэмрэ папщIэ» Iэхум хьихьэу, Урысей МВД-м и Бахьсэн къудамэм балигъ мыхъуахэм я IуэхугъэмкIэ и Iэнатlэм и инспектор, полицэм и майор Щынахъуэ ФатIимэрэ «Пэрытхэм я зэщIэхъеныгъэ» район къудамэм и лIыкIуэ Къарэ Ратмиррэ, еджапIэхэм я унафэщIхэр ящIыгъуу, агропромышленнэ лицейм и япэ курсым щIэсхэм псалъэмакъ щхьэпэ драгъэкIуэкIащ.

ИНСПЕКТОРЫР студентхэм яхутепсэлъыхьащ балигъ мыхъуахэм хабзэр къызэпемыгъэудыным хуэгъэзауэ ялажьэхэм, ягу къигъэкIыжащ тутынрэ спиртэкIрэ, акъылыр зыгъэхтхуэу пкъыгъуэхэм зыщадзеин зэрыхуейр.

- Фэращ ди республикэм, ди къэралым я къэкIуэнур. Сыт хуэдэ мыхъумыщIагъэми зыщыфхъумэ. НаркотикхэкIэр ажал пэлъытэщ, - жиIащ инспекторым.

Колледжым и студентхэм къэрал кIуэцI IэхэухэмкIэ органхэм я лэжьыгъэм, хабзэншагъэ зэхуэмыдэхэм ехьэлIа уголовнэ, административнэ Iэхуэхэм я пщыгъуэхэм зыщадзеин зэрыхуейр.

- Къэрал ди республикэм, ди къэралым я къэкIуэнур. Сыт хуэдэ мыхъумыщIагъэми зыщыфхъумэ. НаркотикхэкIэр ажал пэлъытэщ, - жиIащ инспекторым.

Колледжым и студентхэм къэрал кIуэцI IэхэухэмкIэ органхэм я лэжьыгъэм, хабзэншагъэ зэхуэмыдэхэм ехьэлIа уголовнэ, административнэ Iэхуэхэм я пщыгъуэхэм зыщадзеин зэрыхуейр.

- Фэращ ди республикэм, ди къэралым я къэкIуэнур. Сыт хуэдэ мыхъумыщIагъэми зыщыфхъумэ. НаркотикхэкIэр ажал пэлъытэщ, - жиIащ инспекторым.

Колледжым и студентхэм къэрал кIуэцI IэхэухэмкIэ органхэм я лэжьыгъэм, хабзэншагъэ зэхуэмыдэхэм ехьэлIа уголовнэ, административнэ Iэхуэхэм я пщыгъуэхэм зыщадзеин зэрыхуейр.

- Фэращ ди республикэм, ди къэралым я къэкIуэнур. Сыт хуэдэ мыхъумыщIагъэми зыщыфхъумэ. НаркотикхэкIэр ажал пэлъытэщ, - жиIащ инспекторым.

Медалибл я Iэрылъхьэу

Кавказ Ищхъэрэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ пашэныгъэр къыщIыхьыным хуэунэтIауэ мазаем и 2-м Владикавказ къалэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и ныбжьыщIэхэм медалибл къыщахьащ. Абы хэтащ КИФЩI-м и щIыналъэхэм я бэнакIуэу 150-м щIигъу.

Я ХЬЭЛЪАГЪ елъытауэ щыбанэ гупхэм дыжьын медаль къыщахьащ Тэркъан Казбек (кг 55-рэ), Хъыжьрокъуэ Умар (кг 60), Кýнынжь Амырзан (кг 67-рэ), ПщыукI Мурат (кг 72-рэ) сымэ.

Атэлькъ Кýантемыр (кг 60), Тенджыз Алан (кг 72-рэ), Абазэ Аслъэн (кг 77-рэ) сымэ ещанэ уВупIэр яубыдащ.

Иджырей зэхьэзэхуэр Урысейм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ пашэныгъэр къыщIыхьыным хуэунэтIауэ екIуэкIыну зэхьэзэхуэм къыщрыхьыу щытащ.

НАУРЫЗЫКЪУЭ Ислъам.

Европэпсо зэпеуэм макIуэ

Мазаем и 1 - 4-хэм Владивосток къалэм и къэрал университетым и спорткомплексым щекIуэкIащ Урысей Федерацэм самбэмкIэ пашэныгъэр къыщIыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ. Абы къыщIыхьжаныкIэр хагъэхьэнут къэралым и командэ къыхэхам, дунейпсо зэпеуэхэм мы гъэм хэтынум.

АПХУЭДЭ щIыхь лъагэм щIэбэныну зэхьэзэхуэм кърихьэлIащ УФ-м и щIыналъэхэм, хъыджэбзхэри щIалэхэри зэхэту, я спортсмен 800-м нэблагъэ, я ныбжькIэ илъэс 16 - 18-хэм къриубыдэу. Ахэр гуп 16-у гуэшауэ щытащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакIуэ, килограмм 64-рэ хъуэхум я дежь зыкъыщыщIэныгъэ Бесльэней Темырлан кIэух зэхьэзэхуэм икIыху къыпщIэта и хьэрхуэрэгъуэр иригъэкIуэтэкIыурэ екIуэкIащ. Адэкъэ финальм абы къыщыщIащ Мэзкуу къэзыкIэ щыщ Алимов Илъдар икIи, ди жагъуэ зэрыхъущи, къытекIуащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ зыIэщIигъэкIащ самбэмкIэ екIуэкIыну дунейпсо зэхьэзэхуэм хэтыну иIа Iэмалыр. Нэгъабэ Бесльэнейр абы и чемпион хъуауэ щытащ.

Иджы Пшынащ1э Мурат и гъэсэныр къыпащыщIыр Урысейм и командэ къыхэхам хэту накъыгъэм и 8 - 13-хэм Сербием самбэмкIэ щызэхашэну ерагъэтI зэпеуэм хэтыну.

АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.



Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
ЖЬэкIэмыхъу Маринэ (унафэщI-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщI-редактор), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Чэрим Мариннэ, Щхьэщэмыщ1 Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ Iэнатlэхэм ядэлажьэныбмкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныбмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iэхэуэщ1апIэм ятхащ
ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIэхэмрэ редакцэмрэ я хэщ1апIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.530
Заказыр №214
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщIэта Iэхэугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жиIащ яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iэхэу еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управлензм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарь Къаншокъуэ Эллэ, корректорхэу Инэрокъуэ Азэмэт (1, 3-нэ нап.), Елмэз ФатIимэ. (2, 4-нэ нап.)
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.
Сурэтхэм елэжьар Бицу Жанэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.